ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№39 (24.945) ● 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 1, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ИджыпстукIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм «Урысей зэкъуэт» партым къыбгъэдэкIыу хэт депутат Родинэ Викторие. Абы теухуа тхыгъэ республикэм и унафэщIым къырилъхьащ МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым.

«ДЫТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ «ЦIыхубэ программэм» хыхьэу илъэситхум зрагъэхъулIахэр щызэхилъхьэжу «Урысей зэкъуэтым» и щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкIа зэхуэсышхуэм кърикIуахэм, апхуэдэуи ди республикэм и социальнэ политикэм и унэтIыныгъэхэу мы зэманым нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм.

Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым хэт Виктория Сергей и пхъур жыджэру яужь итщ дзэ Iуэху хэхам щыIэ зауэлIхэр дэIыгъыным хуэунэтIа къалэнхэр зэфIэгъэкIыным. Абы и лъэныкъуэкIэ и гугъу тщIащ муниципалитетхэм, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ федеральнэ къулыкъущIапIэхэмрэ хуаIэ зэпыщIэныгъэхэм.

Апхуэдэуи гулъытэ хуэтщIащ, «ЦIыхубэ программэр» ягъэзащIэурэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжым икIи а лэжьыгъэхэм я фIагъыр жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм щIэтыным пыщIа къалэнхэм.

Нэгъуэщ Iу дыкъызытеувыIахэм ящыщщ щIалэгъуалэ политикэр, ныбжьыщIэхэр хэкупсэу, лъэпкъхэм къадекIуэкI хабзэфIхэр я гъуазэу, псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэм тету гъэсэныр.

Си гум къыбгъэдэкIыу Родинэ Викторие фIыщIэ хуэсщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрыщыту ди къэралымрэ папщIэ зэфIигъэкI жылагъуэ лэжьыгъэшхуэм папщIэ», - щыжеIэ республикэм и Iэтащхьэм и тхыгъэм.

КIэщIу

Щхьэлыкъуэ и пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэр

Шэджэм щIыналъэм и Щхьэлыкъуэ къуажэм щаухуэну пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэм ВТБ банкым и мылъкуу сом мелуан 200 къыщагъэсэбэпынущ, къитащ а IуэхущIапIэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм.

ПЭХУЭЩIЭМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, пхъэщхьэмыщхьэу тонн мини 5,3-рэ зэуэ щIэхуэнущ абы икIи лэжьыгъэр ригъэжьэнущ 2026 гъэм и кIэуххэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэм хэтлъхьэ мылъкур Кавказ Ищхъэрэм и мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэм зегъэужьыным и шэсыпIэщ», - жиIащ ВТБ банкым и вице-президент Дыренкэ Александр.

Хъыбар зэрыщыIамкIэ, хъумапIэм и Iыхьэ гуэрхэр нэгъуэщI мэкъумэш IуэхущIапIэхэм бэджэнду иратынущ, абы халъхьа мылъкур нэхъ псынщIэу кърагъэщIыжын щхьэкIэ.

«ХъумапIэм ди зэфIэкIым хигъэхъуэнущ. Пхъэщхьэмыщхьэр нэхъ тыншу тхуэщэнущ, пIалъэ кIыхькIэ тхущыгъэлъынущ, кIэрыху щыIэри нэхъ мащIэ хъунущ, абыхэм къадэкIуэу, ди щэхуакIуэхэм фIагъ лъагэ зиIэ продукцэ яIэрыхьэнущ», - къыхигъэщащ мэкъумэш IуэхущIапIэм и унафэщI Джэрыджэ Iэхьед.

ЩIэныгъэмрэ лэжьыгъэмрэ зэпащIэ

«ЕрыскъыпхъэмкIэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэпса технологиехэр» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «АПК-м IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзырын» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и студентхэм лэжьыгъэ практикэхэр щрагъэкIуэкIынущ республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм.

АПХУЭДЭ IуэхущIапIэу 14 иджыпсту яубзыхуащ икIи КъБКъМУ-м и еджакIуэу зы мин хуэдиз ягъэкIуэнущ. Студентхэр абыхэм зэрыщыIа пIалъэм къриубыдэу яшхынумрэ щыпсэунумрэ текIуэдэну ахъшэр IуэхущIапIэхэм хуатынущ. Къэрал дэIэпыкъуныгъэу абы папщIэ федеральнэ, республикэ бюджетхэм мы гъэм сом мелуан 37,8-рэ къыхэкIынущ.

НАУРЫЗ Билал.

Гу зылъытапхъэ

Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщIэ



2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым пещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей почтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 376-рэ кIэпIейкIэ 76-рэ;

фэ езым почтым къыщыфщтэжынумэ - сом 344-рэ кIэпIейкIи 6-рэ.

Ди индексыр П5894

Я пщэрылъыр Iэзэу зэфIагъэкI

ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Зумакулов Борис КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ

УПОЛНОМОЧЕННЭМ и институту щIыналъэм щыIэм 2025 гъэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэм, дызэрыт илъэсым къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм тепсэлъыхьащ зэIущIахэр. Гулъытэ нэхъыщхьэ зыгъуэтыпхъэхэу къонэж дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ, зи узыншагъэр зэфIэгъэувэжын хуейхэм защIэгъэкъуэныр. Зумакулов Борис «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм зэрадэлажьэм кърикIуэхэм и гугъу ищIащ.

Илъэс кIуам лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ цIыхухэр къэрал хабзэхэм нэхъыфIу щыгъэгъуэзэным теухуауэ, хэхауэ я нэIэ трагъэтын хуей мэхъу псэупIэм ехьэлIауэ яIэ хуитыныгъэхэм. Жылэ пхыдзахэм щыпсэухэм хабзэ и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуныгъэ нэсу ягъуэтын папщIэ, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм кIуэурэ цIыхухэм яIущIэу хабзэ яхуэхъуащи, а лэжьыгъэм пащэ.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ омбудсменым и аппаратым и лэжьыгъэм щыщ Iыхьэшхуэ республикэм и цIыхухэм яIущIэным зэрыхухихыр. Аппаратыр быдэу япыщIащ властым и органхэмрэ жылагъуэ IуэхущIапIэхэмрэ икIи дяпэкIи апхуэдэу лъэныкъуэ псомкIи зэдэлэжьэнущ.

«ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэным къалэн къыпщищIыр а унэтIыныгъэм ехьэлIа Iуэху псоми фIыуэ хэпщIыкIыным и закъуэкъым, атIэ дэтхэнэ зыми и гъащIэм пыщIауэ ущытын хуей мэхъу. Борис Мустэфа и къуэм фIыщIэ хуэсщIащ захуагъэм зэрытетым икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ, жэуаплыныгъэшхуи зыпылъ а пщэрылъыр Iэзагъ хэлъу зэрызэфIигъэкIыфым папщIэ», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Казбек.

(ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа докладыр 2 - 4-нэ напэкIуэцIхэм итщ)

Ягъэпажэ

«2025 гъэм и экспортер» урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуахэр иджыблагъэ наIуэ къэхъуащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу апхуэдэ щIыхь ягъуэтащ «Промышленнэ IэнатIэм 2025 гъэм и экспортер» унэтIыныгъэмкIэ нэхъыфIу къалъыта «Техно-Алмаз», «Ерыскъы промышленностымкIэ 2025 гъэм и экспортер» - «Сириус М», «Мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэм 2025 гъэм и экспортер» - «Гибрид СК», «Технологие екьэжьахэмкIэ IэнатIэм 2025 гъэм и экспортер» - «Корпорацие ДНК», «Илъэсым нэхъыфIу зызыужьа» - «Садкомплект», «ЦIыхубз экспортер нэхъыфI» - «ТИС» IуэхущIапIэхэм.

ЩIыналъэ зэхьэзэхуэр хуэунэтIащ республикэм и экспорт зэфIэкIым хэгъэхъуэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщIагъэкIа продукцэхэр хамэ къэралхэм хэIущIыIу щыщIынымрэ.

«Къэралым и экономикэм зегъэужьыным, Урысейм и продукцэхэм увыпIэ лъагэхэр хамэ щIыналъэхэм щаубыдыным хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщI IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэралъытэ саугъэтщ ар», - щыжаIащ КъБР-м «Си хьэрычэт IэнатIэ» и центрым.

Урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыналъэ Iыхьэр къызэригъэпэщащ КъБР-м ЭкспортымкIэ и центрым, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр къыдэIэпыкъуу. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ», «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэхэм япкъ иткIэ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Жыджэру лъы ят

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и «Эльбрус» СОБР-м и лэжьакIуэхэр хэтащ «Зы гум къыбгъэдэкIыу адрейм хуэкIуэу» урысейпсо акцэм икIи лъы литри 10-м щIигъу ятащ.

АКЦЭМ хэт псоми я узыншагъэр япэщIыкIэ къыщапщытащ Налшык къалэ дэт Лъы щыхаш республикэ станцым. Медицинэ лэжьакIуэхэм хабзэхъумэхэм фIыщIэ хуащIащ я гудзакъагъэмрэ цIыху гъащIэр къегъэлыным хуащI хэлъхьэныгъэмрэ папщIэ.

- Донор Iуэхум хэтыр щытыкIэ гугъум къихутам дэIэпыкъуу ирагъ. Дэ махуэ къэс шынагъуэншагъэр тхъумэ къудейкъым, дыхьэзырщ нэгъуэщI лъэныкъуэкIи ди цIыхухэм защIэдгъэкъуэну, - къыхигъэщащ полицэм и майор Лыкъуэжь М.

Урысей МВД-м Шэрэдж районым щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэри, Жылагъуэ советым хэт Анахаевэ Аидэ ящIыгъуу, лъы тыным хэтащ.

- Мыпхуэдэ акцэхэм ди лэжьакIуэхэм я хэкупсагъэр ягъэбыдэ, щытыкIэ гугъум къихутауэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэу хуейхэри зыхащIэ и мызакъуэу, донору щытыным мыхьэнэшхуэ зэриIэри ягу къегъэкIыж. Дэ долъагъу я гум къыбгъэдэкIыу мыбы цIыхухэр къызэрекIуалIэр, ди фIэщ мэхъу апхуэдэ IуэхуфIыр зыгуэрым зэрыхуэщхьэпэнур, - къыхагъэщащ ОМВД-м и лэжьакIуэхэм.

Урысей МВД-м Шэрэдж районым щиIэ къудамэм и лэжьакIуи 10-м щIигъум а махуэм къагъэлъэгъуащ сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырыр. Абыхэм ящыщ куэдым донор акцэр хабзэ яхуэхъуащ. Лъы щат станцым гупурэ йокIуалIэ, я хэлъхьэныгъэр зыгуэрым и узыншагъэмрэ зэIузэпэщыгъэмрэ зэтегъэувэжынымкIэ хэкIыпIэ зэрыхъунур зыхащIэу.

БАХЪСЭН Ланэ.

2026 гъэм мэлыжьыхьым и 21-р мылэжьэгъуэ махуэу гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэ кодексым, «Я фIэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужын и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм яIэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхукIэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым япкъ иткIэ, Урыс Православнэ члисэм и Пятигорск, Черкесск епархием и Налшык округым и митрофорнэ протоиерей Бобылев В. Н. Радоницэм - дунейм ехыжахэр хэхауэ ягу къыщагъэкIыж махуэу 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м ягъэлъапIэм - теухуауэ зэрызыкъытхуигъэзам къыхэкIыу **унафэ сощI**:

2026 гъэм мэлыжьыхьым и 21-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мылэжьэгъуэ махуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм гъатхэпэм и 18-м
№26-УГ

Егъэджэныгъэм къыхущIагъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ къэрал бюджетым къыхэкIыу иджыри сом мелуани 157-рэ республикэм къыхуаутIыпщынущ мы гъэм. КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэм ар щыжиIащ щIыналъэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор.

2026 гъэм УФ-м и щIыналъэхэм я бюджетхэм мылъку яхуэщIыгъуным ехьэлIауэ къэралым къыщащта унафэм къыкIэлъыкIуэу УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ гъатхэпэм и 12-м зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм Iэ щIадзыжа нэужь, щIыпIэ министерствэм игъэхьэзыращ республикэм и районхэм егъэджэныгъэмкIэ я IэнатIэхэм я бюджетхэм ахъшэ къаутIыпщынур зэрытраугуэшэным ехьэлIа дэфтэр.

Бюджетым щIагъужу къаутIыпщыну ахъшэр псори зэхэту сом мелуани 163,9-рэ хъунущ, абы щыщу сом мелуани 157,3-р къэрал, сом мелуани 6,6-р - республикэ мылъкухэм къахэкIынущ. Ахэр зратынур ди щIыналъэм и муниципалитетхэм егъэджэныгъэмкIэ я IэнатIэхэрщ.

ЩЭУЕЙ Былэ.

УнэтIыныгъэ куэдым зрагъэубгъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щекIуэкIа зэIущIэм щыхэплъэжащ нэгъабэ я лэжьыгъэм къарикIуахэм, апхуэдэуи, щаубзыхуащ мы гъэм къапэщылъ къалэнхэр. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед, КъБР-м и Парламентым экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэхэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт хуэIухуэщIэхэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Iэпщэ Заур, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Шыд Андемыркъан сымэ, коллегием хэтхэр, нэгъуэщIхэри.

МИНИСТЕРСТВЭМ нэгъабэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм ятеухуауэ зэIущIэм доклад щищIащ IэнатIэм и унафэщI Рахаев Борис.

Илъэс блэкIам республикэм макроэкономикэмкIэ и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмкIэ щыIа бжыгъэхэр ирагъэфIэкIуащ. ЖыпIэнурамэ, щIыналъэ валовэ продуктыр псори зэхэту сом мелард 370,2-м нызэрыхьэсащ икIи 2024 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 5,9-кIэ ар нэхъыбэщ. Промышленнэ индексым и куэдагъыр проценти 110,3-рэ хъуащ нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм елъытауэ. Кавказ Ищхъэрэм абыкIэ япэ увыпIэр щиIыгъщ, УФ-м щыеплIанэщ (проценти 101,3-рэ).

ЩIыналъэм и IуэхущIапIэхэм нэгъабэ езыхэм къыщIагъэкIа продукцэу нэгъуэщI щIыпIэхэм хурагъэшам, лэжьыгъэрэ Iуэхутхьэбзэу ялэжьам псори зэхэту сом мелуан 83664,7-рэ къыпэкIуащ икIи абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 113,5-кIэ нэхъыбэщ ар.

Республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм продукцэу къалэжьащ сом меларди 126,7-рэ и уасэ е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 103,7-кIэ хуэкIуэу. Ухуэныгъэ IэнатIэм лэжьыгъэу иригъэкIуэкIащ сом мелард 45,8-рэ и уасэ икIи проценти 2-кIэ ар нэхъыбэщ 2024 гъэм яхузэфIэкIам елъытауэ. КъБР-м псэупIэу щаухуащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 642,5-рэ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу къыхашащ псори зэхэту сом мелард 83,2-рэ, е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 102,2-кIэ хуэкIуэу. 2025 гъэм розницэ сатум къыпэкIуащ сом мелард 376,0-рэ. 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 108,3-кIэ нэхъыбэщ ар. Нэгъабэ ди республикэм туристу къэкIуам и бжыгъэр мелуанитIым щIигъуащ. 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ари процент 13,7-кIэ нэхъыбэщ.

Республикэм и IуэхущIапIэхэм къэрал щIыб сату хуэIухуэщIэу ирагъэкIуэкIам проценти 114,2-кIэ хагъэхъуащ илъэс блэкIам. Экспорт ягъэкIуа продукцэхэм я куэдагъыр 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм хуэдэу къэнэжащ, мыдрейуэ, ди щIыналъэм хамэ продукцэу къращам и куэдагъым процент 24,3-кIэ хагъэхъуащ, 2024 гъэм елъытауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым сату зэпыщIэныгъэхэр яхуиIэщ къэрал 54-м. Продукцэхэр экспорт зыгъакIуэ IуэхущIапIэхэр 97-рэ мэхъу икIи къэрал 27-м ахэр ядолажьэ. Хамэ къэралхэм хурагъашэ продукцэхэм я процент 78,6-р мэкъумэшхэкIщ, проценти 2,1-р - машинэхэмрэ оборудованэхэмрэщ, проценти 5,7-р - химие продукцэщ, проценти 8,7-р - гъущIымрэ гъущIхэкIымрэщ.

2026 гъэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэт IуэхущIапIэхэм я бжыгъэр 24502-рэ хъуащ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 108,3-кIэ хуэкIуэу. Абыхэм ящыщу 5996-р юрлицощ, 18506-р уней IуэхущIапIэщ. Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хыхьэхэм я процент 98-р IуэхущIапIэ цIыкIухэм къалъос. Абы я бжыгъэр 24032-рэ мэхъу, IэнатIэ мыиным хэтхэр - 443-рэ, курытым - 27-рэ.

2025 гъэм республикэм и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я бжыгъэм 6361-рэ къыхэхъуащ, абы щыщу 759-р юрлицоуэ, 5602-р - уней IуэхущIапIэу.

Социальнэ хуэIухуэщIэхэм хэт IуэхущIапIэхэр 25-рэ мэхъу.

Я щхьэ хуэлэжьэжыну налог хэзых IэнатIэхэм зыщезыгъэтххэм я бжыгъэми къыхэхъуэ зэпытщ икIи 94856-м ахэр нызэрыхьэсащ нобэкIэ. Хэхъуэр мыбдеж процент 16,4-рэ мэхъу.

КъБР-м «Си хьэрычэт IэнатIэ» и центрым Iуэхутхьэбзэу 2711-рэ яхуилэжьащ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я IуэхущIапIэу 2116-мрэ физлицоуэ 8686-мрэ.

«КъБР-м и ШэсыпIэ фондыр» сом мелуан 264-кIэ шэсыпIэ яхуихьащ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хыхьэ IуэхущIапIэу 18-м. Абы и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу кредит зэгурыIуэныгъэу зэращIылIащ сом мелуан 679,1-рэ и уасэ.

«КъБР-м и МСП-м кредит цIыкIуэхэмкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ и фонд»-м кредиту 74-рэ яритащ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я IуэхущIапIэ 56-м, псори зэхэту сом мелуан 40,945-рэ.

Республикэм и бизнес-инкубаторхэм резиденту 74-рэ щыщIагъэтIысхьащ, лэжьыгъэ IэнатIэу псори зэхэту 298-рэ абыхэм къыщызэрагъэпэщащ.

2025 гъэм республикэм щагъэзэщIащ КъБР-м и къэрал программэу 26-рэ, абыхэм ящыщу 20-м къэрал мылъкухэр къыхыхьащ. А пIалъэм къриубыдэу щIыналъэ пэхуэщIэу 41-рэ ягъэзэщIащ, 33-м мылъку трагъэкIуэдащ. Лъэпкъ пэхуэщIэхэр гъэзэщIэным сом мелуан 10771,1-рэ хухахащ, абы щыщу сом мелуани 7631,6-р къэрал, сом мелуани 3139,5-р щIыналъэ бюджетхэм къыхэкIащ.

ЗэIущIэм и кIэухым Къуныжь МуIэед игъэбелджылащ дызэрыт илъэсым IэнатIэр зэлэжьыну Iуэхугъуэхэмрэ япэ игъэщыпхъэхэмрэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа доклад

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм (адэкIэ Уполномоченнэщ) илъэс къэс ищI докладыр «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №82-РЗ-уэ 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м къыдэкIам и 25-нэ статьям ипкъ иткIэ игъэхьэзыращ, мыхэр и лъабжьэу:

- езым и щхьэкIэ цIыхухэр щригъэблэгъахэм, абыхэм республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм зэрыщригъэблэгъахэри хэту, зыщыгъуазэ хъуахэр;
- республикэм, Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм щыпсэухэм, гражданствэ зимыIэхэми, хамэ къэралхэм ящыщхэми зэрызыкъыхуагъэзахэр;
- Уполномоченнэр гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм щыщIэупщIэу абыхэм къыщищIахэр;
- къэрал, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм, абыхэм цIыхур щхьэхуимыту щаIыгъхэри яхэту, щыкIуам къулыкъущIэхэм, адрейхэм къабгъэдэкIыу къыIэрыхьа хъыбархэр;
- цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ екIуэкIа конференцхэм, зэхуэсхэм, «стIол хъурейхэм» я зэIущIэхэм къыщыIэрагъэхьа тхыгъэхэмрэ зыщыгъуазэ хъуахэмрэ;
- цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, абыхэм Интернетри яхэту, традзахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IуэхукIэ» и Законым и 25-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм тету мы докладыр хуагъэхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд нэхъыщхьэм и УнафэщIым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым.

Докладым къыщыгъэлъэгъуащ цIыхухэм Уполномоченнэм зэрызыхуагъэза лъэIухэр нэхъыбэу зытеухуахэр, зэрызыкъыхуагъэзахэр бжыгъэкIи зытеухуахэмкIи щызэхагъэкIащ, къэралым и цIыхухэм я хуитыныгъэхэр нэхъыбэрэ къыщызэпауду зыщрихьэлIэхэм, цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къызэпаудыныр къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэмрэ щытыкIэхэмрэ къызыхэщ хъыбархэр, апхуэдэу а хуитыныгъэхэр зэфIагъэувэжын папщIэ Уполномоченнэм зэфIигъэкIахэм теухуа хъыбархэр итщ.

Уполномоченнэр щогугъ цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ хъумэн и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ щытыкIэр зыхуэдэр къызыхэщыж мы докладыр къэрал, муниципальнэ органхэм я лэжьыгъэм гъуазэ щахуэхъуну, цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэн мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхур конституцэ хабзэм тету къызэгъэпэщыным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр убзыхунымкIэ.

Хэзыгъэгъуазэ

Уполномоченнэм и аппаратым къапщытэж лъэхъэнэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ, политикэ щытыкIэу псынщIэ дыдэу зызыхъуэжым.

Дзэ Iуэху хэхар (СВО) зэрекIуэкIыми ехьэлIащ цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэн къалэныр: Уполномоченнэм и нэIэ щIэтащ СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэным пыщIа Iуэхухэр, абыхэм социальнэ шэсыпIэхэмрэ я узыншагъэр зэфIэгъэувэжыным ехьэлIахэмрэ къахузэгъэпэщыныр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ политикэ зэпIэзэрытагъым, къэрал властым и органхэмрэ граждан жылагъуэ институтхэмрэ быдэу зэпыщIауэ зэрызэдэлажьэм я фIыгъэкIэ цIыхухэмрэ къэралымрэ зызэхащIыкIыным хуэунэтIа, Iуэхухэр дэгъэкIа хъуным хуэщхьэпэ щытыкIэ щыIэ хъуащ.

Лъэпкъхэмрэ дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэхэмрэ зэрызэгурыIуэр икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ жылагъуэми цIыхухэми я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъунымкIэ. Дэ ди гуапэу къыхыдогъэщ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр кIуэ пэтми зэрыщIэхъуабжьэр, ехъулIэныгъэщIэхэр къызэрихьыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, илъэсым къэрикIуахэм япкъ иткIэ, щIыналъэм и валовэ продуктыр проценти 6-кIэ нэхъыбэ хъуащ, сом мелард 370-рэ и уасэ хуэдизу. Хохуэ промышленностъ, мэкъумэш IэнатIэхэм къыщалэжьахэми. ЦIыхухэм я хахуэри нэхъыбэ мэхъу, лэжьапщIэу ику иту къахьыр сом мин 46-м щIигъуащ, абыкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыщу зи Iуэху нэхъыфIхэм яхыхьащ. Республикэр жыджэру хэтщ федеральнэ, лъэпкъ проект куэдым, абы и лъэныкъуэкIи ар къэралым и щIыналъэхэм бжьыпэр щызыIыгъ тIощIым ящыщщ. Апхуэдэу хохуэ инвестицэу щIыналъэм къыхалъхьэми. Узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ IэнатIэхэм ехъулIэныгъэхэр яIэн папщIэ зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэрагъэпэщащ.

Апхуэдэу щытми, зэхьуэкIыныгъэфIхэр мымащIэми, цIыхухэр щIэмыарэзы щытыкIэхэми урохьэлIэ, ахэр щIэтхьэусыхэ, Уполномоченнэм зыкъыщIыхуагъазэ ныкъусаныгъэхэри щыIэщ. Ахэр зэпкърыпхмэ, нэрылъагъу мэхъу ди цIыхухэм ящыщу зи Iуэху нэхъ хуэмыщIахэр - ныкъуэдыкъуэхэр, жы хъуауэ зи закъуэу къэнахэр, сабий зеиншэхэр - хъумэныр нэсу къызэгъэпэща зэрымыхъур.

Япэ Iыхьэ

ЦIыхухэм Уполномоченнэм зэрызыкъыхуагъазэхэмрэ ахэр зытеухуахэмрэ

2025 гъэм Уполномоченнэм зэрызыкъыхуагъазэ тхыгъэ 724-рэ къыIэрыхьащ. Абыхэм ящыщу 4-р гупым къабгъэдэкIащ (цIыхуищым е нэхъыбэм я Iэ щIэлъщ), 2-р зи хэтыр мыгурыIуэгъуэ цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм ятеухуащ.

Зэрызыкъыхуагъэзахэм ящыщу 374-р уголовнэ, граждан, административнэ суд Iуэхухэм ехьэлIащ, апхуэдэуи цIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм щыIэхэм я хуитыныгъэхэм ятеухуат:
- зэрызыкъыхуагъэза 116-р ехьэлIат дзэ къулыкъум еджэным хуэгъэхьэзырыным, дэшыным, дзэм дэкIахэр къэлъыхъуэжыным, къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэ шынагъуэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным;
- 108-р - унагъуэм, анагъэм, сабиигъуэм къащхьэщыжыным, социальнэ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ иратыным, лэжьыгъэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къыхузэрагъэпэщыным;
- 78-р - псэунымкIэ, зыри къемыIусэнымкIэ, хуиту зэхэзекIуэнымкIэ, хъыбар зригъэщIэнымкIэ хуитыныгъэхэм;
- 19-р - щIэныгъэ зригъэгъуэтынымрэ и анэдэлъхубзэр къигъэсэбэпынымрэ;
- 13-р - цIыхум и уней мылъкум, щIыр къигъэсэбэпыным, хьэрычэт Iуэхум пыщIа и хуитыныгъэхэм;
- 16-р нэгъуэщI Iуэхухэм ятеухуат.

Уполномоченнэм и лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iыхьэу щытщ ар Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и IуэхущIапIэхэм кIуэурэ абы щаIыгъхэм зэраIуэщIар - абыхэм щыгъуэ 218-рэ зыкъыхуагъэзащ. 2025 гъэм Уполномоченнэм фIыщIэ тхыгъэу 18 къыIэрыхьащ.

Ипэ ита илъэсхэми хуэдэу, нэхъыбэ дыдэу зыкъыхуэзыгъэзар Налшык къалэмрэ (242-рэ) Прохладнэ щIыналъэмрэ (123-рэ) щыпсэухэрщ. Адрей муниципальнэ щIыналъэхэм ящыщу зыкъыхуэзыгъэзахэр мыпхуэдиз мэхъу: Шэджэм щIыналъэм - 83-рэ, Шэрэдж щIыналъэм - 37-рэ, Бахъсэн щIыналъэм - 18, Прохладнэ къалэм - 15, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм - 14, Тэрч щIыналъэм - 12, Бахъсэн къалэм, Дзэлыкъуэ, Лэскэн щIыналъэхэм - пщIырыпщI, Май, Аруан щIыналъэхэм - бгъурыбгъу. Апхуэдэуи УФ-м и адрей щIыпIэхэм щыщу цIыхуиблым, хамэ къэралхэм щыщу 119-м зыкъыхуагъэзащ.

2025 гъэм зыкъыхуэзыгъэзахэм ящыщу 411-м я хуитыныгъэхэр нэсу хузэфIагъэувэжащ. 313-м IэщIагъэлIхэм чэнджэщ иратащ.

Тхьэусыхафэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэфIэгъэкIынымкIэ хэкIыпIэ хъунумкIэ щIэупщIэу къэпщытакIуэ-кIэлъыплъакIуэ органхэм хуагъэхьащ Iуэху 77-рэ, абыхэм ящыщу 37-р - республикэм и прокуратурэм и органхэм.

Iуэхур зэхэзыгъэкIхэмрэ дознаниемрэ я органхэм ялэжьхэм (я пщэ къыдэхуэу ямылэжьхэм) щхьэкIэ къата тхьэусыхафэхэр 32-рэ хъурт.

ЦIыху 12-м къатахэр и нэхъыбапIэкIэ теухуат мылъкукIэ ядэIэпыкъуным, я псэупIэр ирагъэфIэкIуэным.

Уполномоченнэм цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным теухуа и лэжьыгъэм къыщегъэсэбэп бжыгъэр зи лъабжьэ зыхуэгъэзапIэхэр (https://upchkbr.ru сайтыр, bashchy07@mall.ru электрон поштыр, телеграмм-каналыр, Макс мессенджерыр), апхуэдэуи нэхъапэм зэрызыхуагъазэу щыта щIыкIэхэмкIи хуагъэхьыну Iэмалхэр щыIэщ.

Псори зэхэту зэрызыкъыхуагъэзахэр нэхъ мащIэ щIэхъуам (900 - 1000-у щытахэр 724-м хуэкIуащ) и щхьэусыгъуэр нэхъапэм цIыхухэм мыхьэнэшхуэ зрату щыта Iуэхухэм дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI мы зэманым зэрызахъуэжарщ. ЦIыхухэм я щхьэ Iуэхухэм япэ жылагъуэм и сэбэп зыхэлъхэр ирагъэщ, лъэпкъ псори гугъуехьхэм щыхэт лъэхъэнэм езыхэм я псэукIэм ехьэлIахэр нэхъ лъэныкъуэ ирагъэз хъуащ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, цIыхум и хуитыныгъэхэр, егъэлеяуэ утепсэлъыхьын хуэдэу, 2025 гъэм республикэм къыщызэпаудакъым. Уполномоченнэм и институтым адэкIи пещэ щытыкIэ гугъу ит цIыхухэм защIэгъэкъуэныр.

ЦIыхухэм зыкъыщIыхуагъазэ Iуэху псори езыхэр зэрыхуеим хуэдэу щыхузэфIамыгъэкIыф икIи я хуитыныгъэ къызэпаудахэр щыхузэфIамыгъэувэжыф щыIэщ, ауэ ар къыщыдэхъулIэм деж мызэ-мытIэу дэ къытIэрохьэ зыкъытхуэзыгъэзахэм къабгъэдэкI фIыщIэ тхыгъэхэр, дэри апхуэдэхэм деж ди гуапэщ ди къалэнхэр зэрыдгъэзэщIам къыпэкIуа гулъытэр. Апхуэдэ тхыгъэхэм ящыщщ:

- Налшык къалэм щыщ Т. цIыхубзым къыбгъэдэкIар - КъБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэр къызыхуэтыншэу щызэгъэпэщыжыныр зи нэIэ щIэт операторым и деж къыщытехуа щIыхуэм папщIэ хуатха къуэдыхэр зэрыщхьэщахыжам, езы щIыхуэр Iыхьэ-Iыхьэурэ зытригъэкIыжыну хуит къащIыным теухуауэ зэрыдэIэпыкъуам папщIэ къитхар;
- Шэджэм щIыналъэм щыщ Г. цIыхухъум къигъэхьар - щIыхуэм пэкIуэу сом мин 48-рэ итыжын хуейуэ судым ищIа унафэр зэригъэхъуэкIыжыну заявленэ итхынымкIэ зэрыдэIэпыкъуам папщIэ;
- Налшык къалэм щыпсэу У. цIыхухъум къыбгъэдэкIар -«Экологистика» ООО-м и щIыхуэу ипхъу А. телъыр итыжын хуейуэ судым ищIа унафэр зэригъэхъуэкIыжыну заявленэ итхынымкIэ зэрыдэIэпыкъуам папщIэ;
- Шэрэдж щIыналъэм щыпсэу Н. къитхар - цIыхубзым Совет Союзым и ЛIыхъужь Уммаев М.А. и фэеплъу Къэзахъстан Республикэм щыIэр зэгъэпэщыжыным, абы къедза щIыпIэр зэIузэпэщ щIыным теухуауэ жыджэру зэрыдэIэпыкъуам папщIэ;
- пенсэм щыс Н. цIыхубзым Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум икIи езым и ныбжьыр илъэс 95-рэ зэрыхъум ирихьэлIэу гулъытэ зэрыхуащIам, дамыгъэ лъапIэрэ ахъшэрэ зэрыратам папщIэ къитхар.

2025 гъэми пащащ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм кIуэурэ, хабзэхъумэ органхэмрэ щIыналъэ администрацэхэмрэ я лIыкIуэхэри ящIыгъуу, цIыхухэм яIущIэн лэжьыгъэр. Абы Iэмал къет цIыхухэр нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхухэр и чэзум зэфIэгъэкIынымкIэ. Къапщтэмэ, ирагъэкIуэкIащ:

- 2025 гъэм гъатхэпэм и 28-м Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ, Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лIыкIуэхэр я гъусэу, хэтащ цIыхухэм юридическэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэу ягъуэтыным и Урысейпсо махуэм, апхуэдэуи Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ зэгухьэныгъэм щаIущIащ Налшык къалэ щыпсэу пенсионерхэм;
- 2025 гъэм мэлыжьыхьым и 25-мрэ 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-мрэ Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ, КъБР-м и прокуратурэмрэ КъБР-м и ОНК-мрэ я лэжьакIуэхэр ящIыгъуу, суд унафэкIэ тезыр зытралъхьахэр здэщыIэ щIыпIэхэм кIуэри, щхьэхуимыту яIыгъхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэща зэрыхъум зыщагъэгъуэзащ. Къапщтэмэ, ахэр щыIащ Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыIэм хабзэм ебэкъуахэр пIалъэкIэ щаIыгъ и изоляторымрэ КъБР-м щыIэ МВД-м и спецприемникымрэ;
- 2025 гъэм накъыгъэм и 22-м Уполномоченнэм Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Отаров М.М., Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и прокурор Еналеев М.А. ящIыгъуу цIыхухэм а щIыпIэм щаIущIащ;
- 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и курыт еджапIэхэм я 10 - 11-нэ классхэм щIэсхэм яIущIащ, лекцхэм къахуеджащ;
- 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м Май щIыналъэм и прокурор ТекIушэ Р.А., Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэм хэт Нартыжь М.Хь. сымэ я гъусэу цIыхухэм яIущIащ;
- 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м Уполномоченнэм «Хабзэм и дерс» ядригъэкIуэкIащ Май къалэм и курыт еджапIэ №3-м и класс нэхъыжьхэм щIэсхэм.

2025 гъэм Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакIуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м Хамэ къэралхэм щыщхэр пIалъэкIэ щаIыгъ и центрым кIуэурэ, цIыхухэм щэнейрэ щахуэзащ, абы щыгъуэ цIыхуи 119-м чэнджэщхэр иратащ IуэхущIапIэм зэрыщыIэну хабзэхэм, езыхэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къызэгъэпэща хъуным ехьэлIауэ Уполномоченнэмрэ зи кIэлъыплъыныгъэм щIэт прокурорымрэ зэрызыхуагъазэ хъуну щIыкIэхэм ятеухуауэ. Хамэ къэралхэм щыщхэм зэрызыкъыхуагъэзахэр зэрыт тхыгъэхэр прокуратурэм и органхэм, дзэ комиссариатхэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и УМВД-мрэ УФ-м и ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэмрэ я унафэщIхэм, властым и нэгъуэщI зыхуэфащэ органхэм хуагъэхьащ, езыхэм зэрехьэлIа и лъэныкъуэкIэ хэплъэн папщIэ.

ЕтIуанэ Iыхьэ

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыныр

Уполномоченнэм 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я нэхъыщхьэу щытащ СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэныр.

Зэманым къигъэува къалэныщIэхэм япкъ иткIэ, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным бгъэдыхьэкIэщIэхэр къыхуэгъэсэбэпын хуей хъуащ. СВО-м щыщIидза япэ махуэхэм щегъэжьауэ Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, зауэ Iуэхухэм я ветеранхэм, абыхэм я унагъуэхэм исхэм, апхуэдэу Урысей Федерацэм и щIыналъэщIэхэм щыщхэу щыпсэу щIыпIэхэр Iэмалыншагъэ зыбгынэн хуей хъуахэм хабзэм ехьэлIа, социальнэ, чэнджэщ дэIэпыкъуныгъэхэр етыным хуэунэтIауэ екIуэкI лэжьыгъэм хыхьащ.

2025 гъэм апхуэдэ Iуэхухэм щхьэкIэ дэ цIыхуи 116-м зыкъытхуагъэзащ.

Абыхэм ящыщу 39-р теухуат зи хъыбар ямыщIэу кIуэда зауэлIхэр къэлъыхъуэжыным, ахэр здэщыIэр къэхутэным, 36-р гъэр - хъуахэр къегъэзэутIыпщыжыным. Уполномоченнэм икIэщIыпIэкIэ тхылъ 39-рэ хуигъэхьащ хъыбарыншэу кIуэдахэр къэлъыхъуэжынымрэ дзэм гъэр щыхъуахэр къэхъуэжынымрэ пыщIа Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэу къэралым щыIэ Уполномоченнэм. Быдэу зэпыщIауэ зэрызэдэлажьэм и фIыгъэкIэ, КъБР-м щыщ унагъуэ куэдым псынщIэу къаIэрыхьэжащ зыщIэупщIахэм я Iуэху зытетым теухуа хъыбархэр.

А лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI республикэ властым и гъэзэщIакIуэ, хабзэубзыху органхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм быдэу япыщIауэ.

Къалэн нэхъыщхьэу щытщ къэралым яхуигъэува ахъшэхэр, социальнэ и лъэныкъуэкIэ зэрахудичыхыр, шэсыпIэ зэрихьэхэр нэсу икIи и пIалъэм къаIэрыхьэныр къызэгъэпэщыныр.

ЩIыналъэм ахъшэхэр зэрыщрат щIыкIэр.

Дзэ Iуэху хэхам щыщIидзэм ираджахэм мазэ къэс сом мин 25-рэ иратыну ягъэуващ. Псори зэхэту а унэтIыныгъэмкIэ 2025 гъэм и кIэм ирихьэлIэу ахъшэу ятар сом мелуан 1023,6-рэ мэхъу. КъыхэгъэщыпхъэщI КъБР-р УФ-м и субъектхэу (Москва къалэри яхэту) дзэм дашахэм апхуэдэ ахъшэхэр езыт щIыналъэхэм зэращыщыр.

КъБР-м и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м (2025 гъэм шыщхьэуIум и 9-м зэхъуэкIыныгъэ зыхалъхьа №87-УГ-м) ипкъ иткIэ, дзэм зэгурыIуэныгъэ езыщIылIахэм зэ тыгъэуэ ират ахъшэр 2025 гъэм шыщхьэуIум и 10-м къыщыщIэдзауэ сом мелуан 1,8-м нагъэсащ. 2025 гъэм и дыгъэгъазэм ирихьэлIэу а дэIэпыкъуныгъэм къызэщIиубыдащ дзэм къулыкъу щызыщIэу цIыху 4361-рэ. УФ-м апхуэдэ ахъшэхэр нэхъыбэу щызыт и щIыналъэ 20-м ящыщщ ди республикэр.

ХэкIуэдахэм я унагъуэхэм сом 1 мелуан, фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр (уIэгъэ, удын, контузие) зыгъуэтахэм сом мини 100-м къыщыщIэдзауэ мин 300-м нэс иратыну хуагъэуващ, я узыншагъэм зэрегуэуам и хьэлъагъым елъытауэ. Апхуэдэ шэсыпIэхэр яIэщ УФ-м СледствиемкIэ и комитетым и лэжьакIуэхэм, Урысей гвардием, ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ къулыкъухэм я зауэлIхэу СВО-р щекIуэкI щIыпIэм пэгъунэгъуу къулыкъур езыхьэкIхэм.

СВО-м хэтхэм я унэхэм, я IуэхущIапIэхэм мылъку и лъэныкъуэкIэ ятемыщIэн папщIэ налог, мылъку худэчыхыныгъэхэр ягъэуващ.

КъБР-м и Закон №35-РЗ-м, 2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м къыдэкIам, ипкъ иткIэ СВО-м хэтхэмрэ дзэм къулыкъу щызыщIэу хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ транспорт налогыр зэрыщыту щхьэщахащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм 2024 щэкIуэгъуэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №128-м ипкъ иткIэ, дзэм хэтхэми абыхэм я унагъуэхэми щхьэщахащ псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр и чэзум зэрамытам щхьэкIэ къытралъхьэ къуэдыр, фэтэрхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным халъхьэн хуей ахъшэри ирагъэтыркъым, дзэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэм и пIалъэр иухыхукIэ.

КъБР-м и Закон №57-РЗ-м, 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдэкIам, ипкъ иткIэ зауэ Iуэхухэм я ветеранхэу УФ-м и ЛIыхъужь цIэр зыфIащахэм е СВО-р щекIуэкIым къагъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ орденхэр зыхуагъэфэщахэм хуитыныгъэ яIэщ псэупIэ щаухуэну щIы Iыхьэхэр къыIахыну. УФ-м и лIыхъужьхэмрэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ ахэр кърат хуэныкъуэ-хуэмыныкъуэм емылъытауэ.

Сабийхэмрэ анэхэмрэ защIэгъэкъуэныр:
- сабий садхэм папщIэ ятын хуей пщIэр проценти 100-кIэ щхьэщах;
- 1 - 11-нэ классхэм щIэсхэр ерыскъы пщтыркIэ пщIэншэу ягъашхэ;
- я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм япэ итхэм ящыщу кIуэну хуит ящI (2025 гъэм и кIэм ирихьэлIэу апхуэдэ Iэмал иратащ сабий 17-м);
- «Лэгъупыкъу» центрым я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэн папщIэ чэзум хэмыту ягъакIуэ;
- театр теплъэгъуэхэм, музейхэм пщIэншэу щIыхьэну, сабийхэр спорт секцэхэм, абы папщIэ зыхуэныкъуэ фащэхэри кърату, хагъэхьэну хуитщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Хэкум и хъумакIуэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ мардэ-хабзэ лъабжьэ быдэ республикэм къызэрыщызэгъэпэщар. Ар социальнэ и лъэныкъуэкIэ нэсу защIэгъэкъуэным хуэунэтIащ. Мыбдежым абы и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу щытщ КъБР-м и Iэтащхьэм 2022 гъэм фокIадэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №92-УГ-р, ахъшэхэр зэщхьэщыхауэрэ зэрырат щIыкIэр щигъэувар. Къэралым, щIыналъэм щыхуагъэува ахъшэхэр и чэзум зэрыратым кIэлъоплъ властым и орган псори, граждан институтхэр, абыхэм Уполномоченнэмрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» Къэрал фондым и къудамэри яхэту.

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Валерий и къуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий ТIэхьир и къуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ Борис и пхъум жыджэру даIыгъыу республикэм къыщызэгъэпэща хъуащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм пщIэ, гулъытэ хэха хуащIыныр. Абыхэм я унагъуэхэми сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъакъуэ.

Уполномоченнэм жыджэру деIыгъ икIи Iэмал зэриIэкIэ езыри хэтщ ди лъахэгъу лIыхъужь хэкIуэдахэм, къэрал дамыгъэ лъапIэхэр зратахэм я фэеплъыр гъэлъэпIэным хуэгъэза Iуэхухэм. ЛIыхъужьхэр зыщIэса еджапIэхэм абыхэм я щIыхькIэ фэеплъ пхъэбгъухэр къыщызэIуах, фестивалхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, зэпеуэхэр ирагъэкIуэкI. Республикэм цIыху куэд зыхэт апхуэдэ зэхыхьэу 650-м щIигъу къыщызэрагъэпэщащ, зауэлIхэм я лIыхъужьыгъэр ящымыгъупщэным, щIалэгъуалэр гъэсэным ветеранхэр къыхэшэным хуэгъэзауэ. Уполномоченнэм къыхилъхьащ Налшык къалэ округым щащI ТекIуэныгъэм и паркым мемориал комплекс щыухуэным теухуа жэрдэм икIи ар республикэм и Iэтащхьэм и гуапэу къыдиIыгъащ.

Шэч къытесхьэркъым мемориалыр щIыпIэ лъапIэ зэрыхъунум, дэри, ди бынхэри, я быныжхэри, абыхэм къатепщIыкIыжынухэри щызэхуэсрэ Хэкум, абы и лъапIэныгъэхэм зи псэхэр щIэзытахэм я фэеплъым я щхьэхэр щыхуагъэщхъыу.

Уполномоченнэм и лэжьыгъэм гулъытэ хэха щызыгъуэтхэм ящыщщ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я унагъуэхэр зыхуэныкъуэхэр зэхэгъэкIуэ тхыныр.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм и дыгъэгъазэм ирихьэлIэу цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ центрхэм я лэжьакIуэхэм социальнэ паспорту 6354-рэ ятхащ. Гулъытэ хэха зыгъуэтхэм ящыщщ пIалъэ кIыхькIэ зыкIэлъыплъын хуейхэмрэ я унагъуэкIэ щIэгъэкъуэн хуэныкъуэхэмрэ: унагъуэ 20-м зи ныбжь хэкIуэтахэр исти, абыхэм я деж кIуэурэ ядэIэпыкъуну цIыхухэр ирагъэбыдылIащ, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ ветеранхэм пIалъэ кIыхькIэ якIэлъыплъынымкIэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэ, хуэныкъуэхэм ерыскъыхэкIхэмкIэ, хьэпшыпхэмкIэ япоIэбэ.

ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ 2025 гъэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къызэщIрагъэубыдащ а гупхэм хэтхэм яхуэгъэзауэ хабзэр зэрагъэзащIэ щIыкIэр: хабзэхъумэхэм ятхащ СВО-м щыIахэм ехьэлIа хабзэр къызэрызэпаудам, щIэпхъаджагъэ зэралэжьам теухуа хъыбар. Властым и органхэмрэ Уполномоченнэмрэ зэпымыууэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр хуэгъэзащ дэтхэнэ зы ветеранми абы и унагъуэм щыщхэми хуагъэува льготэ псори кIыхьлIыхь щащI къыхэмыкIыу яIэрыгъэхьэныр.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэным хуэунэтIауэ Уполномоченнэр жыджэру долажьэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» Къэрал фондым и къудамэм. Дэ дызэрызэдэлажьэнум теухуа ЗэгурыIуэныгъэ зэтщIылIащ икIи абы щыубзыхуахэр гъэзэщIа зэрыхъур унафэщIхэм я нэIэ щIэтщ.

Дэ жыджэру дызохъуажэ Фондми Уполномоченнэми цIыхухэм зэрызыкъытхуагъазэхэмкIэ, цIыхухэр къыдогъэблагъэри допсэлъылIэ, СВО-м хэтахэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ къатхахэм зэгъусэу дыхоплъэ. Абы Iэмал къет къэхъуа Iуэху зэумыбзэхэр икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIынымкIэ. А къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ дэ щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуохъу къэрал, муниципальнэ органхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэр, дзэ комиссариатхэр.

Псом хуэмыдэу ар нэрылъагъу мэхъу дзэм хэтахэу хъыбарыншэу кIуэдахэр къыщытлъыхъуэжым деж. Зыкъытщагъакъуэ гъэр хъуахэмкIэ щызэхъуажэкIэ, къаутIыпщыжыну щызэгурыIуэ зи чэзу гупхэм дэ къэтлъыхъуэхэр яхэгъэхуэнымкIэ, СВО-м хэтахэр фронтым къикIыжа нэужь мамыр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ, абыхэм ящыщу сымаджэхэр гъэхъужыным пыщIа IуэхухэмкIэ.

А къалэн гугъу дыдэхэр гъэзэщIэнымкIэ дэ щIэгъэкъуэн къытхуохъу федеральнэ центрыр.

СВО-р щекIуэкIым Уполномоченнэм зыкъыхуагъэзащ зэфIигъэкIын папщIэ къэрал центрым и дэIэпыкъуныгъэ щIыхуэныкъуэ Iуэхухэмки. Дэ ахэр Дунейпсо Жор Плъыжьым, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и Дзэ полицэм яхуедгъэхьащ. КъыпхуэмылъытэныIм хуэдизу дэIэпыкъуэгъу къытхуохъу УФ-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Москальковэ Татьянэ Николай и пхъур.

УФ-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэм и аппаратым и унафэщIым и къуэдзэр зи пашэ къудамэ хэха къызэрагъэпэщауэ щытащ икIи ар зэпымыууэ къытпыщIауэ, дызыIууэ гугъуехьхэр псынщIэу зэфIигъэкIыу щытащ. Дзэм къулыкъу щызыщIэ, дзэ Iуэху хэхам хэт Т.Р.А. теухуауэ Москальковэ Т.Н. зыщхуэзгъэзам жэуап къызитыжауэ щытащ, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэмрэ Дунейпсо Жор Плъыжьым и комитетым цIыхухэр къэлъыхъуэнымкIэ и агентствэмрэ ящIыгъуу ар здэщыIэр зэрызэхагъэкIым теухуауэ. «Дзэм къулыкъу щызыщIэм и щхьэгъусэ Т.И.Л. дыпыщIащ, абы къыджиIащ я унагъуэм балигъыпIэм нэмыса сабиищ зэраIэр. Хуагъэува социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр, абыхэм щIыналъэм щыхухах ахъшэри яхэту, зэраIэрыхьэр, социальнэ и лъэныкъуэкIэ гулъытэ къахуэзыщI цIыху къаззэрепхар. СынолъэIу, Борис Мустэфа и къуэ, адэкIи а унагъуэм уи нэIэ ятебгъэтыну... Дзэм къулыкъу щызыщIэм теухуа хъыбар къытIэрыхьэмэ, абы щыгъуазэ утщIынщ. ПщIэ къыпхуэзыщI Москальковэ Т.Н.».

Къэрал центрымрэ зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэмрэ щIыналъэхэр зэрапыщIар щыхьэт тохъуэ дэ псори ди гугъапIэкIэ, ди гурыгъугурыщIэкIэ, ди IуэхущIафэхэмкIэ дызэрызэщIыгъур, абы къикIращи, дэ дытекIуэнущ.

Дэ жыджэру дыдолажьэ КъБР-м и дзэ комиссариатым, нэхъапэIуэкIэ ЗэгурыIуэныгъи зэтщIылIам, апхуэдэу быдэу дыпыщIащ Анэхэм я комитетым, Уполномоченнэр абы хэтщ. Дэ дызэгъусэу делэжьащ ди зауэлIхэу дзэ Iуэху хэхам хэту Курскэ областым щыIэхэр зыхэхуа гугъуехьхэр зэхэгъэкIыным, къапщтэмэ, хъыбар зимыIэхэр къэлъыхъуэжыным, гъэр хъуахэр хуит къегъэщIыжыным, Хэкум къэшэжауэ ахэр мамыр псэукIэм хэзэгъэжынымкIэ защIэгъэкъуэным пыщIа Iуэхухэм. Республикэм и дзэ комиссарым дыщIыгъуу дэ апхуэдэу псынщIэу зэфIэдгъэкIащ адэ-анэхэмрэ дзэ Iуэху хэхам щыIэ цIыху 18-мрэ я лъэIухэр, абыхэм зауэ Iуэхухэм хэтам и тхылъхэр къратыным теухуауэ.

Уполномоченнэм сыт и лъэныкъуэкIи деIыгъ СВО-м хэтахэр мамыр гъащIэм къыхэшэжыным пыщIа Iуэхухэр:
- республикэм цIыхухэм IэнатIэ къахуэгъэгъуэтынымкIэ и центрым щIыгъуу ирагъэкIуэкIащ лэжьакIуэ къэзылъыхъуэ IуэхущIапIэхэр къызрагъэблагъэ жармэкIэ 28-рэ, абыхэм япкъ иткIэ СВО-м и ветеран 30-м IэнатIэ иратащ;
- республикэм щрагъэжьауэ хъарзынэу щолажьэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» программэр. Ар хуэгъэзащ ветеранхэр къэрал, муниципальнэ къулыкъущIапIэхэм я лэжьыгъэм къыхэшэным;
- апхуэдэ тхыгъэхэр IуэхущIапIэхэм щIэзылъхьа цIыху 260-м ящыщу 54-р зэпеуэхэм пхыкIащ, цIыху 31-м махуэрыеджэу щIэныгъэ зрагъэгъуэт, ветеран 68-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ, IэщIагъэ щрат республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, колледжхэм. Программэр гъэзэщIэным хэтщ Уполномоченнэри.

СВО-м и ветеранхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етыныр 2025 гъэм хабзэ щхьэхуэм тету ирагъэкIуэкIащ, абы щынэхъыщхьэри ахэр япэ игъэщынымрэ чэзум пэмыгъэплъэнымрэщ.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондымрэ ОМС-м и щIыналъэ къудамэмрэ я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр быдэу зэпыщIауэ зэрызэдэлажьэм и фIыгъэкIэ, СВО-м хэта дэтхэнэми егъэбыдылIащ абы и Iуэхухэр зэкIэлъыгъэкIуэнымкIэ жэуап зыхь медицинэ лэжьакIуэ. Диспансеризацэр ирагъэкIуэкI зауэлIыр республикэм къэсыжа нэужь мазэ пIалъэм къриубыдэу, зыхуэфащэ нэгъуэщI къэпщытэныгъэхэр къалэхэм лэжьэгъуэ махуищым къриубыдэу щызэфIагъэкI. Жылэн хуейщ диспансеризацэр 2025 гъэм ветеран 485-м зэрырагъэкIуэкIар (зыкIэлъыплъын хуея псоми я процент 92,7-рэ къызэщIиубыдэу). Процент 59-м я узыншагъэр 3-нэ гупым хыхьэу къэхутащ икIи абыхэм зэпымыууэ якIэлъыплъын хуейщ.

ЦIыху 38-м медицинэ реабилитацэ ирагъэкIуэкIащ, ветеран 90-мрэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэм щыщ цIыху 58-мрэ санаторэхэм къыщеIэзащ. Гулъытэ хэха хуащIащ зауэ Iуэхухэм никъуэдыкъуагъэ щызыгъуэтахэм. Уполномоченнэр пIалъэ къыхимыгъэкIыу дэIэпыкъуащ зауэ Iуэхухэм я ветеран С. никъуэдыкъуагъэ зэрыбгъэдэлъым щыхьэт техъуэ тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхуихьэсынымкIэ, щIалэм пенсэ хуагъэувынымкIэ, абы и фIыгъэкIэ Iуэхур хуэдищкIэ нэхъ псынщIэу зэфIагъэхьащ.

Жэрдэм тщIыри, СВО-м хэтахэу зи узыншагъэкIэ етIуанэ гупым хыхьэ никъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм ящыщу цIыху 16-м, ещанэ гупым хыхьэхэу 37-м я деж дыкIуащ, абыхэм IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр яхуэдгъэлъэгъуащ, унэм щылэжьэн Iэмалри хыхьэу.

СВО-м хэтахэм сэбэп яхуэхъуным хуэгъэзауэ Уполномоченнэм зэфIигъэкIахэм ящыщ щапхъэ зыбжанэ.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм цIыхухэм щаIущIэу Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ дзэ Iуэху хэхам хэта икIи и ветеран Атаев И.М., унэ зрищIыхьын щIы Iыхьэ властым и муниципальнэ органхэм кърататынымкIэ щIэгъэкъуэн хуэхъуну къелъэIуу.

Уполномоченнэр зэрыхэлIыфIыхьам и фIыгъэкIэ Атаев И.М. и лъэIур хуагъэзэщIащ – абы Iуащхьэмахуэ курортым хыхьэ жылэм щIы щыхуахащ.

Лэскэн щIыналъэм щыпсэу АпекIуэ А.В. Уполномоченнэм зэрызыкъыхуигъэзам ипкъ иткIэ, абы къэлъэIуам и къуэш, дзэ Iуэху хэхам хэт АпекIуэ Арсен Владимир и къуэм и тхылъхэр игъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр» программэм хагъэхьэн папщIэ.

Апхуэдэу, 2025 гъэм и мэлыжьыхьым ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къыIэрыхьащ дзэ Iуэху хэхам хэта Лукьянов Т.Р. къыбгъэдэкI тхыгъэр, абы дзэ билет къыIихынымрэ зауэ Iуэхухэм зэрыхэтам папщIэ ят ахъшэм хуэдэ хуагъэувынымкIэ зыщIагъэкъуэну къелъэIуу.

Лукьянов Т.Р. и тхыгъэм хэплъащ республикэм и дзэ комиссариатым и лIыкIуэри ящIыгъуу икIи пIалъэ кIэщIым къриубыдэу, хабзэм къызэригъэувым тету, абы иратыжащ и дзэ билетыр.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм зыкъыхуигъэзащ СВО-м и ветеран Козырев А.О. Абы и автомашинэу щытам, 2019 гъэм суд унафэкIэ нэгъуэщI зыгуэрым иратыжам, и рулым Iусу зыгуэрхэр хабзэм ебакъуэри, абы къыхэкIыу Козыревым къыхуэкIуат административнэ хабзэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу къащта суд унафэр. Ахэр езым щхьэщахыжыну къыщIэлъэIурт ветераныр. И зэраныгъэ лъэпкъ хэмылъу, Козырев А.О. къытратха къуэдыр сом мин 500-м нэблэгъат.

А Iуэхум теухуауэ Уполномоченнэм къригъэIэтыжащ административнэ протоколхэмрэ суд унафэхэмрэ икIи абыхэм я щIэтхыкIхэр къригъэхьащ, зэзыгъэкIуж хеящIэхэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и ЦАФАП-мрэ зэрызахуигъазэ тхыгъэхэр игъэхьэзыращ икIи абыхэм адэкIэ хэплъэну КъБР-м и прокуратурэм игъэхьащ.

Зыкъыхуэзыгъэзам жиIащ прокуратурэм и лэжьакIуэхэр къыдэIэпыкъуа нэужь зыхуэфащэ тхылъхэр зэритар икIи Уполномоченнэм фIыщIэ къыхуищIащ хабзэкIэ и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ зэрыдэIэпыкъуам папщIэ.

Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ я уполномоченнэхэм я ЗэзыгъэуIу советым и чэнджэщхэм япкъ иткIэ, дэ республикэм и къэрал властым и органхэм долъэIу:
- СВО-м хэкIуэдахэм я унагъуэхэм псэупIэхэр щауххуэн папщIэ щIы Iыхьэхэр яхухахыным къыхуэбгъэсэбэп хъуну щIыхэу къэрал, муниципальнэ мылъкуу щытхэр зыхуэзэхэр ягъэбелджылыну;
- къэрал мыхьэнэ зиIэ Налшык зыгъэпсэхупIэм и щIыуэпс къызэрымыкIуэр и лъабжьэу, ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ реабилитационнэ центр хэха къызэрагъэпэщыну, ар дзэ Iуэху хэхам хэтахэм ямызакъуэу, зауэ Iуэху псоми, УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм къулыкъу щызыщIэхэми, хабзэхъумэ IэнатIэхэми, апхуэдэхэм я унагъуэхэм щыщхэми зэхуэдэу къагъэсэбэпыфын щхьэкIэ;
- КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм лэжьапIэншэ ветеранхэм псантхуэ дэIэпыкъуныгъэ етынымрэ ахэр IэщIагъэщIэхэм хуегъэджэнымкIэ зыщIагъэкъуэн папщIэ Iэмалхэр къызэрагъэпэщыну.

Ещанэ Iыхьэ

ЦIыхухэм я социально-экономикэ хуитыныгъэхэр гъэзэщIэныр

ЛэжьыгъэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр, загъэпсэхунымкIэ яIэ хуитыныгъэр, ягъэзащIэ лэжьыгъэм хуэфэщэн улахуэ яIэнымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къызэгъэпэщынымрэ кIэлъыплъыныр 2025 гъэми щытащ цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу.

Къапщытэж пIалъэм Уполномоченнэм тхьэусыхафи 108-рэ къыIэрыхьащ властым и гъэзэщIакIуэ, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм я лэжьыгъэм (я къалэну къафIэмыIуэхум) теухуауэ (2024 гъэм ахэр 121-рэ хъууэ щытащ). НаIуэ къызэрыхъуамкIэ, нэхъ мащIэ хъуащ тхьэусыхафэхэм я бжыгъэр, ар и фIыгъэщ IэнатIэ щхьэхуэхэм Iуэхухэр нэхъ зэрыщефIэкIуар:
- социальнэ и лъэныкъуэкIэ къызэрызэгъэпэщам теухуа зыкъыхуэгъэзэныгъэу - 20;
- лэжьыгъэ Iуэхухэм - 11;
- щIы зэхущытыкIэхэм - 8;
- ЖКХ-м и IэнатIэмрэ зэIузэпэщыгъэмрэ - 15;
- нэгъуэщI Iуэхухэм ехьэлIахэр - 54-рэ.

Лэжьыгъэ зэхущытыкIэ и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъума хъуным теухуауэ.

Тхьэусыхафэхэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхуам емылъытауэ, къызыIуагъэкIа IэнатIэм цIыхур гъэувыжыным, лэжьапIэхэм тыншыпIэхэр, шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным ехьэлIахэр иджыри тIкIийуэ къонэж. Уполномоченнэм 2025 гъэм ЗэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ ЛэжьыгъэмкIэ къэрал инспекцэу (ГИТ) КъБР-м щыIэм. Ахэр зэгурыIуэу зэдолажьэ. КъытIэрыхьэ тхьэусыхафэхэм инспекцэм и лэжьакIуэхэри тщIыгъуу дыхоплъэ. Лэжьыгъэ инспекцэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм зэрызыкъыхуагъэза тхыгъэ 275-м хэплъащ, хабзэр къызэпаудауэ 46-рэ къыщIагъэщащ, зэрыкъуэншар ягъэзэкIуэжын хуейуэ IуэхущIапIи 6-м тхыгъэхэр хуагъэхьащ икIи ахэр Iэмал имыIэу ягъэзэщIэн хуейщ. Лэжьыгъэ зытхэм тхыгъэ 58-рэ хуагъэхьащ, Iэмал имыIэу ягъэзэщIапхъэ къалэнхэм къытемыкIыну хуагъэувыу.

Тхыгъэ 43-рэ прокуратурэм и органхэм хуагъэхьащ унафэ трагъэщIыхьын папщIэ. ЛэжьыгъэмкIэ инспекцэм къызэритамкIэ, цIыху 246-м я лэжьыгъэм теухуауэ къызэпауда я хуитыныгъэхэр хузэфIагъэувэжащ.

БлэкIа илъэсхэм Уполномоченнэм къыхуэкIуэу щытащ я улахуэр и чэзум зэрырамытым теухуа тхьэусыхафэхэр. 2025 гъэм апхуэдэ тхьэусыхафэ къаIэрыхьакъым. (Урысейм СледствэмкIэ и комитетым и СУ-м къызэритам ипкъ иткIэ): цIыхухэм лэжьыгъэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудам теухуа хъыбар 48-рэ къаIэрыхьащ. Уголовнэ Iуэхуу 8 къаIэтащ.

2025 гъэм Уполномоченнэр къэпщытэныгъэ къалэнкIэ, IуэхущIапIэхэм я къулыкъущIэхэм ечэнджэщын мурадкIэ щIыпIэхэм жыджэру кIуащ щIызэныкъуэкъу Iуэхухэр зэхэгъэкIыным теухуауэ.

КъБР-м щыIэ ГИТ-м щIыгъуу иригъэкIуэкIащ УФАС-м и лэжьакIуэ Т. цIыхубзыр я лэжьакIуэхэр зэрагъэмащIэр я щхьэусыгъуэу и IэнатIэм къызэрыIуагъэкIам теухуа экспертизэ. Судым къыщыщхьэщыжын папщIэ зыхуэныкъуэ Iуэхухэр къызэрагъэпэщащ. Бахъсэн щIыналъэм щызэфIагъэувэжащ къуажэм щэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI З. лэжьыгъэкIэ иIэ хуитыныгъэр.

Налшык къалэм щыпсэу, къуэ никъуэдыкъуэ зиIэ Т. цIыхубзым зэрызыкъыхуигъэзам ипкъ иткIэ, Уполномоченнэм пхигъэкIащ ахэр зыщIэс унэр цIыхур къатхэм дэзышей, хьэлъэкъэIэт Iэмэпсымэхэр щагъэувынухэм хагъэхьэныр.

Мылъкум ехьэлIа хуитыныгъэхэмрэ ЖКХ-мрэ:
- УФ-м СледствэмкIэ и комитету КИФЩI-м щыIэм щIыгъуу унафэ тращIыхьащ А. (Шэджэм щIыналъэ) и транспортыр къигъэсэбэпыну хуимыту, хабзэр къызэпауду, тралъхьа къуэдыр трырагъэхыжыным;
- Налшык къалэм щыщ Н. зыщIагъэкъуащ муниципальнэ щIы Iыхьэр бэджэнду къэщтэным теухуауэ иригъэкIуэкIа сату Iуэхухэм езыр хэтыныр хабзэм тету къыхузэгъэпэщынымкIэ;
- Налшык къалэм щыщ Т. зэрызыкъыхуигъэзам ипкъ иткIэ, КъБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр зи нэIэ щIэт операторым и деж абы къыщытехуа щIыхуэм папщIэ хуатха къуэдыхэр щхьэщыхыжыным, щIыхуэр Iыхьэ-Iыхьэурэ зытригъэкIыжыным теухуауэ операторым гурыIуащ.

Зэрызыкъыхуагъэзахэр щызэпалъытыжым наIуэ къэхъуащ лэжьыгъэм и ветеранхэр дэIыгъын и лъэныкъуэкIэ мардэхэм зэгъэзэхуэжыныгъэхэр зэрыхэлъхьапхъэр. Хабзэубзыху жэрдэм папщIэу дэ къыхыдолъхьэ «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр зэрыфIащ щIыкIэм теухуауэ» КъБР-м и Закон №57-РЗ-м, 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдэкIам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн хуейуэ. А цIэр яфIэщыным лъабжьэ хуэхъу Iуэхугъуэхэр нэхъыбэ щIыпхъэу къыдолъытэ, абыхэм илъэс куэдкIэ зэрылэжьар, апхуэдэуи совет зэманым къэрата дамыгъэ лъапIэхэмрэ зэрагъэпэжахэмрэ (парт, профсоюз лэжьакIуэхэм), мы зэманым зытет хабзэм хамыгъэхьахэр, хэтхэжын хуейуэ.

Уполномоченнэр къэув «Ветеранхэм ятеухуауэ» къэрал хабзэ №5-ФЗ-р, 1995 гъэм щIышылэм и 12-м къыдэкIар, УФ-м и щIыналъэхэм а цIэр яфIэщын и лъэныкъуэкIэ зыхуэныкъуэу къалъытэ псори зэщхь щIыным и телъхьэу, щыпсэу щIыпIэкIэ ветеранхэр зэхэгъэж щащI къэмыхъун папщIэ.

АдэкIи дэ, республикэм и прокуратурэм, ЛэжьыгъэмкIэ къэрал инспекцэм драгъусэу цIыхухэм лэжьыгъэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным дыхущIэкъунущ, я хуитыныгъэхэр зэфIэгъэувэжа хъун папщIэ зыхуэфащэ Iэмал псори къэдгъэсэбэпу.

ЕплIанэ Iыхьэ

Унагъуэм и хуитыныгъэхэр, абы и лъапIэныгъэхэр хъумэныр

Унагъуэр, анэхэр, адэхэр, сабийхэр хъумэныр Урысей Федерацэм щыщытщ хабзэм къигъэув шэсыпIэхэр, къэралым пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ пщэрылъ зыщищIыжхэр, жылагъуэ жэрдэмхэр зи лъабжьэ Iуэхушхуэу. Унагъуэм Конституцэм щиубыд увыпIэм, къэралым хэхауэ ихъумэм (УФ-м и Конституцэм и 38-нэ статья), тещIыхьащ Уполномоченнэм и лэжьыгъэри.

КъэтпщытэжI лъэхъэнэм цIыхум и хуитыныгъэм къыщхьэщыжыныр екIуэкIащ Урысейм и Президент Путин В.В. къыхилъхьа икIи 2025 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ лажьэ «Унагъуэ» лъэпкъ проектым къигъэув къалэнхэм быдэу япыщIауэ.

Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьыгъэр нэхъ зэхьэлIауэ щытар социальнэ хуитыныгъэхэм тетыныр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыным и закъуэкъым, атIэ хабзэу къыддекIуэкI лъапIэныгъэхэр, лъэпкъыр зыхуэдэр, жылагъуэм кIуэ пэтми нэхъ зэрызиужьыр къэзыгъэлъагъуэр, гъэбыдэнми хуэфащэн гулъытэ игъуэтащ. Уполномоченнэм зытригъащIэр социальнэ къэралым щыпсэу дэтхэнэ унагъуэми дэIэпыкъуныгъэ хэхахэри щхьэхуэу хуащIэхэри къахузэгъэпэщыныр, лъэпощхьэпохэр гъэмэщIауэ.

Унагъуэм илъ хабзэхэм, тхыдэм и фэеплъхэм пщIэ яхуэщIыным тету щIэблэр гъэсэныр и тегъэщIапIэщ республикэм щыщыIэ зэпIэзэрытагъым. 2025 гъэм Уполномоченнэм и аппаратым иригъэкIуэкIащ «Хабзэм и дерс» зыфIища, щIэблэр фIым щIэгъэджыкIыным хуэгъэпса Iуэхухэр. Абы къызэщIрагъэубыдащ еджапIэхэр.

2025 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м, ЦIыхум и хуитыныгъэхэм я дунейпсо махуэм, аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ абыхэм я жылагъуэ дэIэпыкъуэгъухэмрэ лекцхэм къыщеджащ Налшык, Май къалэхэм, Шэджэм, Дзэлыкъуэ, Бахъсэн щIыналъэхэм. Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ социальнэ IуэхущIапIэхэм, псалъэм папщIэ, Нартан къуажэм дэт еджапIэ-интернат №5-м хуэдэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм унагъуэм и институтым, хабзэ зэрыхъуауэ, и щIэгъэкъуэнщ нэхъыжьхэм пщIэ яхуэщIыныр, сабийхэр гъэсэнымкIэ я пщэ къыдэхуэ жэуаплыныгъэр, лIакъуэр зэкъуэтыныр. Иджырей правэм хъарзынэу хэзэгъа а хабзэхэр гъэбыдэныр щытщ лъэпкъым и зэкъуэтыныгъэм и джэлэсу.

Урысей Федерацэм и Президентым къызэрыхигъэщщи, унагъуэрщ, абы илъ лъагъуныгъэмрэ гулъытэмрэ щызыхищIэрщ, къэралым и цIыхум, хэкупсэм и Iуэху еплъыкIэр щызэфIэувэр. А къалэныр гъэзэщIа хъун папщIэ республикэм щрагъэфIакIуэ материальнэ лъабжьэр, бын куэд зиIэ унагъуэхэм, унагъащIэхэм зэрызыщIагъакIуэ IэмалыщIэхэр къыщызэрагъэпэщ.

Уполномоченнэм адэкIи гулъытэ хэха хуищIынущ:
- унагъуэр хъумэнымкIэ цIыхухэм яIэ хуитыныгъэхэр къахузэгъэпэщынымрэ жылагъуэр зытет хабзэхэр хъумэнымрэ, республикэм щыщ дэтхэнэ унагъуэми къэрал гулъытэмрэ ар къызэрыщхьэщыжымрэ зыхищIэн папщIэ;
- республикэм и щIыналъэхэм щыпсэу унагъуэхэм я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэфынымкIэ щыIэ программэхэм хабзэ и лъэныкъуэкIэ щыубзыхуахэм тетыным хуэщхьэпэным;
- лIакъуэхэм я зэпыщIэныгъэр хъумэным, щIэблэр гъэсэнымкIэ нэхъыжьхэм я мыхьэнэм хэгъэхъуэным, ветеранхэм я зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ советхэм защIэгъакъуэкIэрэ.

ХабзэмкIэ дерсхэр щрагъэкIуэкIкIэ, хъыбарегъащIэ Iэмалхэр зыуэ щытын папщIэ, гулъытэ хэха хуэтщIынущ унагъуэхэм къадекIуэкI лъапIэныгъэхэр хъумэным.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ 2026 гъэм «Унагъуэ» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащIэр къэлъытауэ, къэралым и гулъытэрэ хабзэкIэ иIэн хуей хуитыныгъэхэмрэ дэтхэнэ зы унагъуэми зыхищIэным.

Етхуанэ Iыхьэ

ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымрэ фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэм тетыныр

Урысей Федерацэм цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным ехьэлIа Iуэхур политикэр, экономикэр, хабзэр щызэгъэуIуа IэнатIэ псо мэхъу. Медицинэ дэIэпыкъуныгъэ игъуэтыным хуэгъэпса хуитыныгъэр, УФ-м и Конституцэм и 41-нэ статьям щыщIэгъэбыдар, «ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэным и лъабжьэхэр» Къэрал закон №323-ФЗ-м, 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 21-м къыдэкIам, щызэпкърыхар, къахузэгъэпэщыныр къэтпщытэж зэманым едгъэкIуэкIащ социальнэ IэнатIэм лэжьыгъэшхуэ щытещIэ щытыкIэм иту.

2025 гъэм IэнатIэм и лэжьыгъэм щызэгъэуIуауэ щытащ республикэм щыпсэухэм я узыншагъэр хъумэнымрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм защIэгъэкъуэнымрэ пыщIа къалэнхэр. Ахэр къэлъытауэ, цIыхухэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыж зэгухьэныгъэхэм, абыхэм Уполномоченнэм и аппаратри яхэту, гулъытэ хэха хуащIащ цIыхухэр хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ технологие лъагэр зи лъабжьэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм ар ягъуэтынымрэ кIэлъыплъыным. А Iуэхухэр щынэхъыщхьэу щытащ КИФЩI-м щыIэ уполномоченнэхэм я ЗэзыгъэуIу советхэм я зэIущIэхэм. Абыхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэри кърихьэлIащ икIи сымаджэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэза зыуэ щыт мардэхэр щызэхалъхьащ.

Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, узыншагъэр хъумэн IэнатIэм и материально-техникэ лъабжьэм зегъэужьынымрэ лэжьакIуэхэм я IэщIагъэм хагъэхъуэнымрэ теухуа зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ ди щIыналъэм. Налшык къалэ округым къыщызэIуахащ зы лэжьэгъуэ махуэм кърихубыдэу цIыху 500-м я узыншагъэм щыкIэлъыплъыфыну поликлиникэ, Республикэ клиникэ сымаджэщым медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэр зрашалIэ и къудамэщIэр (метр зэгъуэзэнатIэ 1200-рэ хъууэ), техникэу (КТ, МТР, УЗИ) 143-рэ щIэту, абы и фIыгъэкIэ а зы IуэхущIапIэр къызэгъэпэща хъуащ сымаджэм и лажьэр псынщIэу къэхутэфыным хуэщIа Iэмэпсымэ псомкIи. Къащэхуащ оборудованэ хьэлъэу 36-рэ, абыхэм маммографхэмрэ рентген комплексхэмрэ яхэту. Прохладнэ къалэм «Щыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэ» узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал бюджет IуэхущIапIэм папщIэ къащэхуащ реабилитацэ зэрырагъэкIуэкI Iэмэпсымэ 33-рэ, апхуэдэхэм Iэмал имыIэу хуей мэхъу фэбжь хьэлъэ зыгъуэтахэм я узыншагъэр зэфIагъэувэжынымкIэ. Хъарзынэу заужьыжащ цIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэкIэ зызыхуагъазэ IэнатIэм хыхьэ IуэхущIапIэхэми: дохутыр амбулаториещIэу 8 ятащ (Белая Речкэ, Кэнжэ, Шэрэдж Ищхъэрэ, Къуэбэ-Тэбэ, Красносельскэ, Светловодскэ, Дей, Шэрэдж Ищхъэрэ жылэхэм). Нартан, Каменномост, Азорей, Къэщкъэтау, Дыгулыбгъуей къуажэхэм къыщызэIуахащ икIи я лэжьыгъэкIэ зыхуеинухэмкIэ къызэрагъэпэщащ цIыхубзхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ къудамэхэр.

(КIэлъыкIуэр 3-нэ нап.).

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа доклад

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап.).

Апхуэдэу щытми, Уполномоченнэм къыIэрыхьэ тхьэусыхафэхэр щыхьэт тохъуэ цIыхухэм хуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым псори зэхуэдэу арэзы зэримыщIым. МащIэ дыдэрэ фIэкIа узримыхьэлIэ узыфэхэр зыпкърытхэм иратын хуей хущхъуэхэр яхурикъуркъым. Абы папщIэ зыхуеину сом мелуани 133,3-м щыщу мелуан 87,9-рэ къаIэрыхьащ (процент 34-рэ хущыщIэу). «Лыш узыфэ», «фэшыгъу уз» унэтIыныгъэхэмкIи хущхъуэ хуэныкъуэхэм я бжыгъэм къазэрыхэхъуэр нэрылъагъущ.

Уполномоченнэри арэзы тохъуэ къэралым и Президентым 2025 гъэм къирикIуахэм ятеухуауэ иригъэкIуэкIа пресс-конференцым аптекэхэм хущхъуэхэр щызэпэубыдауэ зэрыщытым иригузавэу щыжиIахэм.

Дызыхэплъэж зэманым Уполномоченнэм цIыху 30-м щIигъум зыкъыхуагъэзащ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэ щIыкIэмкIэ мыарэзыуэ.

Налшык къалэм щыпсэу М. зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткIэ, дэ щIэрыщIэу дыхэплъэжащ КъБР-м щыIэ дохутыр-санитар экспертизэм и Бюро нэхъыщхьэм щIэлъ дэфтэрым. Абы Iэмал къыдитащ зыкъытхуэзыгъэзам нэгъуэщI узыфэхэри зэрыпкърытыр къедгъэхутэу ныкъуэдыкъуагъэ зэриIэм теухуауэ нэхъапэм хуагъэувам къыпедгъэщэну, пенсэхэри къратын зэрыхуейр пхыдгъэкIыну.

Дыхэплъащ цIыхур щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм къикIыу зэрызыкъытхуагъэза Iуэхуищым. Абыхэм ятеухуа Iуэху псомкIи къэпщытыныгъэхэр едгъэкIуэкIащ, тутнакъхэм къакIэлъыплъын хуей IэщIагъэлIхэм я деж зыщагъэхъужынымкIэ Iэмал иратащ.

Льготэ зиIэхэр хущхъуэхэмкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ къыхуаутIыпщын хуея ахъшэр къазэремэщIэкIам щхьэкIэ къэмынэу, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм 2025 гъэм къигъэлъэгъуащ инфраструктурэм къызэрыхигъэхъуар. Поликлиникэхэм «Хуэсакъыу къэгъэсэбэпын» хабзэхэр зэрыщыхапщам и фIыгъэкIэ, СВО-м хэтахэр зыхуэныкъуэхэр япэ ирагъэщу Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэри хуэщхьэпащ жылагъуэм щыIэ социальнэ зэпIэзэрытагъыр къызэрымытIэсхъам. 2026 гъэми Уполномоченнэр егугъунущ цIыхур псэун папщIэ Iэмалыншэу зыхуей хущхъуэгъуэхэм я уасэхэр къэпщытэным, республикэм и бгырыс къуажэхэм аптекэ нэхъыбэ къыщызэрагъэпэщыным.

Еханэ Iыхьэ
Зи ныбжь хэкIуэтахэм, зи узыншагъэм къимыхьхэм, сабий зеиншэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыныр

Зи щхьэ Iуэху дэзымыгъэкIыжыфхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнри Уполномоченнэм и лэжьыгъэм 2025 гъэм япэ щригъэща къалэнхэм ящыщщ.

Социальнэ IэнатIэм и зэхэлъыкIэм зыщихъуэж, бжыгъэр зи лъабжьэ лэжьэкIэм псори щыхуагъакIуэ мы лъэхъэнэм аппаратым и къалэн нэхъыщхьэ хъуащ пенсионерхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий зеиншэхэм я хуитыныгъэхэр къыщызэпауд къэмыгъэхъуныр.

Къэтпщытэж лъэхъэнэм зэмылIэужьыгъуэу зэщхьэщыхауэ дакIэлъыплъащ икIи хуей щыхъухэм деж икIэщIыпIэкIэ абыхэм ехьэлIа Iуэхухэм дыхэIэбащ, мы Iуэхущ IапIэхэм быдэу дапыщIауэ дадэлажьэурэ:

- УФ-м Пенсэ икIи социальнэ страхованэмкIэ и фондым КъБР-м щиIэ къудамэм;
- КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм;
- КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм;
- республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэ псоми щIыпIэ самоуправленэмкIэ я органхэм.

2025 гъэм къриубыдэу зи гугъу тщIы гупхэм къабгъэдэкIыу псори зэхэту тхыгъэ 32-рэ къытIэрыхьащ. Адрей зыкъытхуэзыгъэзахэм елъытауэ тхьэусыхафэхэр куэд хъууэ щымытами, абыхэм ящыщ дэтхэнэри зэхэгъэкIыныр къэрал хабзэм къиубыд и лъэныкъуэкIэ икъукIэ гугъуу къыщIэкIащ икIи псоми щхьэхуэу уабгъэдыхьэн хуейт.

Псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ яхуэтщIащ цIыхухэм щхьэхуэу дащыхуэзам икIи абдежым цIыхухэм защIэдгъэкъуащ: зыхуэтхьэусыхэхэм хуагъэхьыну тхылъхэр яхуэзэхэлъхьэным къыщыщIэдзауэ я псэукIэм ехьэлIа гугъуехьхэр дэгъэкIынымкIэ муниципалитетхэм я гъэтIылъыгъэ фондхэр къэдгъэсэбэпыным нэсу.

Сабий зеиншэхэм псэупIэ къратынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр: зэхъуэкIыныгъэхэмрэ IэмалыщIэхэмрэ

Мы зэманми гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэхэм ящыщу къонэж сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм я нэIэ щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным пыщIа къалэныр.

2025 гъэм сабий зеиншэхэм псэупIэ къахуэщэхуным хухахауэ щытащ сом мелуани 179,8-рэ (республикэ бюджетым щыщ сом мелуани 135,1-ри хэту).

Къыхэгъэщыпхъэщ 2026 гъэм бюджетым щыщу сом мелуан 200 а Iуэхум къыхуагъэсэбэпыну зэрыщыхухахари, абыкIэ цIыхуи 154-м псэупIэ къыхуащэхуну Iэмал къаритынущ.

2025 гъэм республикэм цIыху 73-м псэупIэхэр къахуищэхуащ. Абыхэм ящыщу:

18-р дзэ Iуэху хэхам хэтащ, псэупIэхэр чэзум памыгъаплъэу иратащ; цIыху 20-м я хуитыныгъэхэр суд унафэкIэ зэфIагъэувэжащ, ахэр япэ ирагъэщын зэрыхуеяр я тегъэщIапIэу.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэу уващ псэупIэ къызэрыратынумкIэ щыхьэт тхылъхэр ятыным теухуа хабзэр зэрыхапщэр (КъБР-м и Правительствэм 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа унафэ №171-ПП). Абы и фIыгъэкIэ, илъэс 23-м щIигъуахэм езыхэм Iэмал яIэщ зыхуей псэупIэр къыхахыжу ар къэралым кърагъэщэхунымкIэ. 2025 гъэм апхуэдэ тхылъу 134-рэ ятащ икIи фонд хэхам къыхахыу фэтэр къыхуащэхуным илъэс куэд хъуауэ пэплъэхэм я дежкIэ ар щIэгъэкъуэныфI хъуащ. Апхуэдэу щытми, а Iэмалхэри икъукIэ мащIэщ.

2025 гъэм мазаем и 1-м ирихьэлIэу зэратхамкIэ, фэтэр къратыным пэплъэхэм я бжыгъэр ди щIыналъэм 1481-рэ щыхъурт. Абыхэм ящыщу цIыхуи 170-м яIыгът хуагъэзэщIэн хуей унафэхэр зэрыт тхылъхэр, суд приставхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щаIэ къудамэ хэхам щIэлът сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм я нэIэм щIэмытыжу къэна сабийхэм ятеухуауэ ягъэзэщIэн хуейуэ апхуэдэ Iуэхуи 177-рэ, абыхэм ящыщу 5-р дызыхэплъэж лъэхъэнэм къриубыдэу къаIэтауэ.

Зы илъэсым и кIуэцIкIэ зэхэгъэкIын яухащ икIи зэхуащIыжащ апхуэдэ Iуэхуу 37-рэ, абыхэм ящыщу 28-р - псэупIэ къызэрыратам къыхэкIыу, 9-р - суд унафэхэр я тегъэщIапIэу. 2025 гъэм и дыгъэгъазэм ирихьэлIэу а унэтIыныгъэм пыщIауэ зэфIамыгъэкIыу къэнащ Iуэхуи 140-рэ.

Мы гупым щыщхэм ехьэлIа суд Iуэхухэр щызэхагъэкIкIэ зыIууэ лъэпощхьэпо нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIыхуэ зытелъыр, УФ-м и КоАП-м и 17.15 статьям къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, административнэ жэуапым ешэлIэныр.

Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэзауэ, административнэ хабзэр къызэпаудауэ, протоколу 79-рэ ятхащ, дэфтэрхэм къыщыгъэлъэгъуа унафэхэр зэрамыгъэзэщIам къыхэкIыу.

А Iуэхухэм хэплъа нэужь административнэ къуэдыхэр тралъхьащ.

Ауэ а Iэмал псоми, дэ дызэреплъымкIэ, зэман гъунэгъум хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ ящIынукъым а унэтIыныгъэмкIэ щыIэ гугъуехьхэр, къэралым абы унафэ хэха тримыщIыхьмэ (дэ къыхэтлъхьат «Сабий зеиншэхэм папщIэ псэупIэхэр» лъэпкъ программэр). Нэхъ жыджэру къэгъэсэбэпын хуейщ властым и къэрал, муниципальнэ органхэм, бизнес-зэгухьэныгъэм я Iэмалхэр.

Пенсионерхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм, зи узыншагъэм къимыхьхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр

Уполномоченнэр цIыхухэм яхуэщхьэпэу япыщIащ Урысейм и Социальнэ фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Бакъ Николай Хьэчим и къуэмрэ Фондым и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ. ДызэрызэдэлэжьэнумтеухуаЗэгурыIуэныгъэмIэ теддзащ. КъытIэрыхьэ тхьэусыхафэхэмрэ нэгъуэщI зэрызыкъытхуагъазэхэмрэ пIалъэ къыхэдмыгъэкIыу дыхоплъэ. Къыхэгъэщыпхъэщ 2025 гъэм республикэм и социальнэ къалэнхэр (псори зэхэту цIыхуи 130950-рэ мэхъу) нэсу зэригъэзэщIар.

Мылажьэ пенсионер 69470-м лъэIу тхылъхэр къамыту хуагъэуващ хущIагъун хуей ахъшэхэр. Псори зэхэту ар сом меларди 4,5-рэ мэхъу, ипэ ита илъэсым зэрыщытам нэхъри процент 38-кIэ нэхъыбэщ. ХущIагъуар ику иту сом 4300-рэ мэхъу. Лэжьыгъэм и ветеран, тылым щылэжьа, зи хуитыныгъэхэр зэфIагъэувэжа цIыху 35895-ми хуагъэува ахъшэхэр мазэ къэс иратащ.

ПсэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным халъхьэн хуейхэмрэ папщIэ компенсацэхэр: ахъшэхэр иратыжащ льготэхэр зиIэ цIыху 68455-м. Компенсацэр проценти 10-кIэ (сом 1320-м нэсу) нэхъыбэ зэрыхъуари къыхэгъэщыпхъэщ, абыи Iэмал къуитащ тарифхэм зэрызаIэтам щыщ Iыхьэр гъэмэщIэнымкIэ.

Уполномоченнэм зэпымыууэ и нэIэ тригъэтщ пенсионерхэм я мылъкум пыщIа хуитыныгъэхэм. А лэжьыгъэр идогъэкIуэкI зэрызыхуэдгъазэхэм пIалъэ къыхимыгъэкIыу хэплъэ суд приставхэм я управленэм быдэу дыпыщIауэ.

Налшык къалэм щыпсэу М. Уполномоченнэм и аппаратым къыхуигъэхьа тхьэусыхафэм къыщигъэлъагъуэрт пенсэрэ социальнэ ахъшэхэмрэ зэрыхуамыгъэувыр. Iуэхур щызэхэдгъэкIым Пенсэ икIи социальнэ страхованэмкIэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм жэуап къыдитыжащ, М. и пенсэм ехьэлIа Iуэхуми, Къэрал закон №17-ФЗ-м, 2023 гъэм мазаем и 17-м къыдэкIам, къызэригъэувым тету Шэджэм щIыналъэм щыпсэу Г., Налшык къалэм щыщ У. сымэ ятеухуауэ нэхъ пасэу къащта унафэхэми хэплъэжу, Аппаратым и юристхэм кредитхэмрэ ЖКХ-м и IуэхутхьэбзэхэмкIэ къатехуа щIыхуэхэр егъэпшыныжыным теухуауэ къащта суд унафэхэри егъэкъутэжыным хуэгъэза дэфтэрхэр зэрагъэхьэзырар иту. Абы и фIыгъэкIэ, зэдауэхэм я Iуэхум суд хабзэм тету хэплъэри, зыкъытхуэзыгъэзахэм ехьэлIауэ къащта унафэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр къызэтрагъэувыIащ икIи пенсионерыр псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейнум хуэдиз ахъшэр абыхэм къыхуагъэнэжащ.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыпсэу В. пенсионеркэм Уполномоченнэм зыкъыхуигъэза нэужь абырэ щIыпIэ администрацэмрэ пIалъэ къыхамыгъэкIыу зэфIагъэкIащ цIыхубзым газ Iэмэпсымэ къыхуэщэхуным теухуа Iуэхур.

Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ защIэгъэкъуэным пыщIа Iуэхухэм дэ дазэрыбгъэдыхьар социальнэ дэIэпыкъуныгъэ и лъэныкъуэ къудейуэкъым, атIэ ахэр жылагъуэ гъащIэм хуиту хэтынымкIэ яхуэтщIэн хуейм мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнущ. Апхуэдэ Iуэхухэр зэфIэгъэкIыным дэ яужь дитащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм, Лэжьыгъэ инспекцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм дащIыгъуу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр социальнэ и лъэныкъуэкIэ хъумэным и IэнатIэм 2025 гъэм къигъэлъэгъуащ ар зэманым къигъэув къалэнхэм зэрапэлъэщыр. Социальнэ зэгурыIуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэнымрэ бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмалхэмрэ (ГИС ЕЦП) кIуэ пэтми нэхъыбэу хэзэгъа зэрыхъумрэ къызэрагъэпэщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэщIа щытыкIэхэр. Апхуэдэу щытми, ныкъуэдыкъуэхэм IэнатIэ яхухэхыным нэхъ жыджэру къыхэшэн хуейщ лэжьыгъэ зытхэр.

КъБР-м ныкъуэдыкъуагъэ ябгъэдэлъу, ауэ лэжьэфыну цIыху 29059-рэ щопсэури, абыхэм ящыщу IэнатIэ зиIэр 6305-рэщ (процент 21,7-рэ).

ЦIыхухэм IэнатIэ къахуэгъуэтыным пыщIахэм 2025 гъэм хъыбархэр зэбграгъэхащ, зи узыншагъэм къимыхьхэм папщIэ квотэхэр яIэным теухуауэ лэжьыгъэ зыт 600-м чэнджэщхэр иратащ, квотэкIэ лэжьапIэ IэнатIэ 2150-рэ къыдахати, абыхэм я процент 94,4-м (IэнатIэу 2029-м) цIыху ягъэуващ. Ягъэува квотэхэм нэмыщI лэжьыгъэ зытхэм ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъу цIыху 500 къащтащ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ «Сервис-Т», «Текстиль-Имидж» ООО-хэм, «НЗВА» АО-м я унафэщIхэм, ныкъуэдыкъуэхэр лэжьапIэ гъэувынымкIэ зэрызыщIагъэкъуам папщIэ.

Ебланэ Iыхьэ
Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэныр

Къэралым щыпсэу ныбжьыщIэхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэныр, хабзэ хъуауэ, Урысей Федерацэм и Президентымрэ властым и къэрал органхэмрэ япэ ирагъэщ Iуэхухэм ящыщщ. А къалэнхэр гъэзэщIэным тещIыхьащ къыддекIуэкI хабзэхэр, мылъку, къызэгъэпэщыныгъэ, хабзэ Iуэхухэм ехьэлIа лъабжьэхэр. А лэжьыгъэм жыджэру къыхыхьащ хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэу Урысей Федерацэм ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Москальковэ Т. Н. зи пашэр. Дэ ди гуапэу дэтIыгъащ «Обществознание» предметым 5 - 8-нэ классхэм щIэсхэм папщIэ «ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэн» Iыхьэ хэхар зэрыхагъэхьар.

Уполномоченнэр «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм хэтхэм я узэщIакIуэхэм ящыщщи, жыджэру хэтщ абы и лэжьыгъэхэм, щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ дахэ яхэлъхьэным, ахэр хэкупсэу щытыным, ныбжьыщIэхэр экстремизмэм пэIэщIэ щIыным, псапащIэ Iуэхухэм хэшэным, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным хуэгъэза жэрдэм зэмылIэужьыгъуэхэр гъэзэщIэным.

2025 гъэм екIуэкIа «Студентхэмрэ школакIуэхэмрэ я гъатхэ» фестивалыр лъабжьэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ щэнхабзэ-псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымрэ щIалэгъуалэ зэчииф Iэхэр къэгъэнэIуэнымкIэ. Ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм папщIэ мастер-классхэр зэрырагъэкIуэкIам абыхэм Iэмал яритащ я IэзагъэкIэ адрейхэм япеуэфынымкIэ, «Къуажэдэс хьэрычэтыщIэ щIалэгъуалэм я еджапIэ «БиZнесVсело» проектым цIыху 9365-м Iэмал яритащ зыхуэфащэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну, абыхэм ящыщу 456-м езыхэм я бизнес-проектхэр пхагъэкIакIэщ икIи мэкъумэш IэнатIэм лэжьапIэ къыщагъуэтащ («Труд-Крут» проектыр).

Абы и лъэныкъуэкIэ къэлъытэгъуейщ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм фIагъыу къихьыр. Си гуапэщ къыхэзгъэщыну, республикэм и унафэщIхэм, къалэ округхэмрэ муниципалитетхэмрэ я Iэтащхьэхэм трагъэгушхуэу, мылъкукIи зыщIагъакъуэурэ, къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ щIалэгъуалэ центрхэр къызэрыщызэIуахыр. Ахэр псэкIи дэзыхьэххэмкIи зэгъунэгъу сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэхуэсыпIэ, щызэдэлажьэ щIыпIэ мэхъу.

ЩIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэр хъумэн лэжьыгъэр зэзэмызэ ди гупэр зыхуэдгъазэ Iуэхум къыщымынэу, ныбжьыщIэхэм IэщIагъэ яхуэхъунур къыхахынымкIи, езыхэм зауэжьынымкIи ди нэIэ махуэ къэс щатетын хуей къалэн хъуащ.

2025 гъэм Уполномоченнэр, адрей илъэсхэми хуэдэу, хэтащ ныбжьыщIэхэм я щхьэхуитыныгъэр хъумэным хуэгъэза Iуэху щхьэхуэхэми.

Псалъэм папщIэ:

Дэ дыхэплъащ Шэджэм щIыналъэм щыпсэу Н. зэрызыкъытхуигъэзам, зэщхьэгъусэ ныбжьыщIэхэм я хуитыныгъэхэр зэфIэгъэувэжыным теухуауэ къитха лъэIум. Шэджэм къалэм и щIыпIэ администрацэм ар «Унагъуэщ Iэ» программэм ипкъ иткIэ чэзум игъэувын идатэкъым, я псэупIэр зыхуэдэр къыщыгъэлъэгъуа зыхуэмей справкэр къапиубыдри. Уполномоченнэм и жэрдэмкIэ, щIыналъэм и прокуратурэм щIыпIэ советым и унафэмкIэ зэрымыарэзыр къигъэлъэгъуащ. Абы ипкъ иткIэ къэтхьэусыха унагъэщIэ цIыхубзым и мызакъуэу, а районым щыщу чэзум увыну хуейхэм я дежкIи а лъэпощхьэпор Iуахыжащ.

Апхуэдэу дыхэплъащ Прохладнэ къалэм щыщ, дзэм ираджэ Э. зэрызыкъытхуигъэзам - армэм мыкIуэу граждан къулыкъу ирихьэкIыну иIэ хуитыныгъэр къигъэсэбэпыну хуейуэ арат щIалэр. Москва щыIэу ар а и хуитыныгъэр къигъэсэбэпыным, дзэ къулыкъум хуиIэ еплъыкIэм тещIыхьам, теухуа лъэпощхьэпохэм Iууащ. ЦIыхум и напэм, и Iуэху еплъыкIэм ехьэлIа хуитыныгъэхэр хъумэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр къилъытэри, Уполномоченнэр Iуэхум псынщIэу хыхьащ икIи Прохладнэ къалэм цIыхухэр дзэм езыджэ и комиссэм унафэ къищтащ щIалэм и къулыкъур дзэм хэмыхьэу ирегъэхьэкIыным теухуауэ.

Налшык къалэм щыщ щIалэщIэ Н. дыдэIэпыкъуащ сату щIыпIэ къыщызэIуихын мурадкIэ щIы Iыхьэ къыдэхыным теухуа аукционым ар хуэдгъэхьэзырынымкIэ.

Лэжьыгъэ IэнатIэ къэгъуэтыным халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр къэлъытауэ, къалэн нэхъыщхьэу къэуващ КъБР-м щыщ щIалэгъуалэм лэжьапIэ яIэнымкIэ пIалъэ кIыхьым, 2030 гъэ пщIондэ, тещIыхьа программэр гъэзэщIэныр (КъБР-м и Правительствэм 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м къыдигъэкIа унафэ №178-ПП-м тету).

2025 гъэм IэнатIэхэр къахуэгъуэтыным и Iуэхур зэрыщытар:

Псори зэхэту къызэщIаубыдар: лэжьапIэ къагъуэтынымкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ программэм хэтащ цIыху 60402-рэ. Абыхэм ятеухуауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ IэнатIэ яIэ хъуащ 6324-м, ар и щыхьэтщ Iуэхущ IапIэ зэхуэмыдэхэр зэрызэдэлажьэм сэбэпынагъышхуэ къызэрыдэкIуэм;

пасэу IэщIагъэр къыхегъэхыным: нэхъ дэзыхьэх унэтIыныгъэхэр къагъэнэIуэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм 6 - 11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэ 29971-рэ къызэщIрагъэубыдащ. Гулъытэ хэха зыхуащIахэм ящыщщ нэхъ зыхуэсакъыпхъэ гупхэри: сабий зеиншэхэмрэ зи узыншагъэкIэ сэкъат зиIэ сабийхэмрэ (ОВЗ);

инклюзивнэ гупхэм папщIэ: «Абилимпикс», «IэщIагъэлIхэр» чемпионатхэм хыхьэу, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэри зыхэта мастер-классхэмрэ IэщIагъэм зэрыхэзэгъэнур къызэрахутэ дерсхэмрэ ирагъэкIуэкIащ, абыхэми Iэмал къатащ ахэр я IэщIагъэкIэ, щIэныгъэкIэ адрейхэм зэрапеуэфынур къагъэлъэгъуэну.

Къэрал хабзэхэм хуегъэджэныр: **«Хабзэм теухуа дерсхэр»**

Уполномоченнэмрэ абы къалэ округхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм щиIэ жылагъуэ дэIэпыкъуэгъухэмрэ я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэхэм ящыщщ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ къэрал хабзэхэм хуегъэджэныр. Нэхъапэхэми хуэдэу, цIыхум и хуитыныгъэхэм я хъумакIуэхэм жыджэру къагъэсэбэп сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ епсэлъылIэурэ хабзэм щIэгъэджыкIын, абы щыгъуазэ щIын Iэмалыр. Школхэм, нэгъуэщI еджапIэхэм хабзэм теухуа дерсхэр щегъэкIуэкIыным сэбэпынагъышхуэ зэрыпылъыр къагъэлъэгъуащ.

Апхуэдэу, 2025 гъэм, ЦIыхум и хуитыныгъэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, лекцэхэр щедгъэкIуэкIащ Налшык къалэм, Нартан къуажэм сабий зеиншэхэм папщIэ дэт еджапIэ-интернат №5-м, Май къалэм, Сэрмакъ, Бахъсэненкэ къуажэхэм. Уполномоченнэм Тырныауз дэт еджапIэ №3-м щригъэкIуэкIащ «Хабзэм и дерс», апхуэдэу къыщыпсэлъащ Этезов зэкъуэшхэм фэеплъ блын къызэрыхуэзэIуахым теухуауэ ирагъэкIуэкIа пэкIум, еджапIэм и библиотекэмрэ щIыпIэм щыIэ лъахэдж музеймрэ тхылъхэр тыгъэ яхуищIащ.

Республикэ хэкупсэ акцэм хыхьэу аппаратым и лэжьакIуэхэм Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэри хэту Бахъсэн, Май щIыналъэм щрагъэкIуэкIащ Интернетым цIыхум ехьэлIа щэхухэр хъума щыхъуным пыщIауэ щыIэ гугъуехьхэм класс нэхъыжьхэм щIэсхэр щыгъуазэ щIыным теухуа лекцэхэр.

ЩIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэр хъумэным 2025 гъэм гулъытэ хэха игъуэтащ икIи ныбжьыщIэхэм я IэщIагъэм хагъэхъуэнымкIэ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэувэнымкIэ щIэгъэкъуэну щытащ аппаратым и лэжьакIуэхэр.

ЕджапIэхэр къэзыуха куэд лэжьапIэ зэрагъэувамрэ (цIыху мини 6-м щIигъу) псэупIэ яIэнымкIэ я хуитыныгъэхэр къахузэгъэпэщыным, дзэ къулыкъум ираджэным пыщIа Iуэхухэм щызэдгъэхъулIахэмрэ я щыхьэтщ Iуэхущ IапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр сэбэпынагъышхуэ пылъу зэрызэдэлажьэм. 2026 гъэм къытпэщыт къалэн нэхъыщхьэу къонэж къуажэдэс щIалэгъуалэм защIэгъэкъуэным хуэгъэза программэм зегъэубгъуэнымрэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр япэу IэнатIэ пэрыува нэужь, ахэр хабзэ и лъэныкъуэкIэ дэIыгъыным пыщIа лэжьыгъэр щIэгъэтэкIиенымрэ.

Еянэ Iыхьэ
ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хабзэхъумэ органхэм я IэнатIэм хъума щыхъунымрэ захуагъэм тету суд щIэнымрэ

Дызыхэплъэж лъэхъэнэм куэдкIэ нэхъ ефIэкIуащ Уполномоченнэмрэ КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм, СледствэмкIэ комитетым следствэмкIэ и управленэм, республикэм и прокуратурэм, УФ-м и Суд приставхэм я управленэу КъБР-м щыIэм, УФ-м и ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм, нэгъуэщI хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр. Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ республикэм и хабзэхъумэ орган псоми я IэнатIэхэми пыщIэныгъэ быдэ зэрахудиIэр. Дэ зэрызахуэдгъазэ Iуэху псоми и чэзум хоплъэри, хабзэм къызэригъэувым ипкъ иткIэ унафэхэр тращIыхь, жэуапхэри Уполномоченнэм лъэIур къызыбгъэдэкIамрэ ямыгъэгувэу къытIэрагъэхьэж, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным теухуа хабзэр къызэпамыуду. Абы Iэмал къет зэныкъуэкъу нэхъ гуащIэхэр къэзышэ щытыкIэхэр зэтедуIэфIэжынымкIэ икIи къызэпауда хуитыныгъэхэр зэфIэдгъэувэжынымкIэ.

Дызыхэплъэж илъэсым следствэмрэ суд органхэмрэ ялэжьахэм (е я пщэ къыдэхуэу зэфIамыгъэкIахэм) щхьэкIэ, я Iуэхур зэрызэхагъэкIам теухуа унафэхэмкIэ тхьэусыхэу Уполномоченнэм къыIэрыхьэхэр проценти 115-кIэ нэхъыбэ хъуащ, псори зэхэту 41-м нэсащ (2024 гъэм зэрыщыта 19-м и пIэкIэ). ЗэрызыкъыхуагъэзахэрзытеухуакIэ мыпхуэдэу зэхэхауэ щытащ:

- Iуэхур кIыхьлIыхь зэращIымрэ лъабжьэ зимыIэ унафэхэр къызэращтамрэ (УФ-м и УПК-м и 144 - 145-нэ статьяхэм) - тхьэусыхафэ 13;
- законыр къызэпауду уголовнэ Iуэху къызэраIэтар - тхьэусыхафи 9;
- судым къищта унафэхэмкIэ мыарэзыуэ икIи абыхэм иритхьэусыхэжу - тхьэусыхафи 7;
- зэхагъэкI Iуэхум хэтхэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу (зыхуейхэм зыпащIэнымкIэ, зэрылъагъунымкIэ яIэ хуитыныгъэр къызэрызэпаудари хэту) - тхьэусыхафи 6;
- уголовнэ Iуэхур щызэхагъэкIкIэ къэрал хабзэр къызэрызэпаудам теухуа нэгъуэщIхэу - тхьэусыхафи 6.

Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ Ж. цIыхубзым. Ар иритхьэусыхэрт СВО-м хэкIуэда и дэлъхум и счетым сом мелуанищ зэрырадыгъукIам теухуа Iуэху ОМВД-м къиIэтын зэримыдэм. Дэ а тхьэусыхафэм дыхэплъащ Аруан щIыналъэм и прокурорыр тщIыгъуу икIи хабзэр къызэпауду къащта унафэр едгъэкъутэжащ, къэтхьэусыхам хабзэм ипкъ иткIэ Iуэхур хуэзэхагъэкIынымкIэ иIэ хуитыныгъэхэр зэфIагъэувэжащ.

Апхуэдэуи дэ дыхэплъэн хуей хъуащ Лэскэн щIыналъэм щыщ Х. бзылъхугъэм зэрызыкъытхуигъэзам, СИЗО-м щаIыгъ цIыхум телефонкIэ псэлъэну, и Iыхьлыхэм яхуэзэну иIэ хуитыныгъэр зэрыпаубыдам папщIэ къэтхьэусыхам, и Iуэхум. Уполномоченнэм захуигъэза нэужь, прокурорхэм Iуэхур зэхагъэкIащ икIи наIуэ къэхъуащ следователхэм хабзэр къызэрызэпаудар. Зи Iуэхур зэхагъэкI цIыхум и хуитыныгъэхэр нэсу зэфIагъэувэжащ.

Апхуэдэуи къыщIагъэщащ сурэт, видео трахахэр къыщагъэсэбэпкIэ, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къыщызэпауд къызэрыхъум щыхьэт техъуэ щапхъэхэр. *Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ Ш. цIыхухъум. Абы къыжриIащ зэман кIыхькIэ езыр жэуапым зэрырашэлIар, УФ-м и нэгъуэщI щIыналъэм щыпсэу цIыхум Ш. зэгуэр ейуэ щыта автомобилым ису зэхищIыхь хабзэншагъэхэм папщIэ.*

Уполномоченнэр Iуэхум хыхьа нэужьщ хабзэр къызэпызыудыр къыщIэгъэщыным, абы и автомобилыр къеIыхыным теухуа Iуэхур щызэхэкIар, абы и фIыгъэкIэ, зыкъытхуэзыгъэзам щхьэщахыжащ лъабжьэ имыIэу къытралъхьа мылъку, административнэ къуэдыхэр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Уполномоченнэр хэплъэн хуей мэхъу цIыхухэм хабзэм къимыубыд IэмалхэмкIэ щабгъэдыхьи къызэрыхъум теухуа Iуэхухэми, абыхэм полицэм и лэжьакIуэхэм цIыхухэм залымыгъэ щыкIэлъызэрахьэхэри яхэту. Апхуэдэ тхьэусыхафэхэр зэрыщыIэм къегъэув полицэм и къудамэхэмрэ плъыр частхэмрэ видеокIэлъыплъыныгъэ Iэмалхэр нэхъ хэкъузауэ къыщыгъэсэбэпын хуейуэ.

Хабзэм зэрытет щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэу щытщ судхэм цIыху щхьэхуэхэм яхуэгъэзауэ къащтэ унафэхэр. 2025 гъэм республикэм и судхэм хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэм яхуэгъэзауэ Iуэхуи 8 къащтащ. А бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ суд властым гулъытэ нэхъыбэ хуищI зэрыхъуар Iуэхур зэхэгъэкIыным, абы хэтхэм я хуитыныгъэхэр судым нэмыс щIыкIэ екуэкуншэу къыщызэпауд къызэрыхъум нэхъ набдзэгубдзаплъэу бгъэдыхьэн хуейуэ хабзэм къызэригъэувым.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным ехьэлIа хабзэхэм зэрытетым теухуауэ 2025 гъэм зыхэплъахэм къагъэлъэгъуащ а IэнатIэр адэкIи егъэфIэкIуэн зэрыхуейр.

Мыпхуэдэ щапхъэхэр щыIэщ:

- уголовнэ Iуэху къыщаIэткIэ, Iуэхур ипэ къихуэу щызэхагъэкIкIэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр зэрыхуэфэщэнкIэ хъума зэрымыхъум;
- тхылъхэр щызэхагъэувэкIэ, УФ-м и УПК-м и мардэхэм щытемыт, къащта унафэр зэхьэлIахэм абы теухуа унафэр яIэрыгъэхьэжын зэрыхуейр уэим щащI;
- уголовнэ Iуэху къаIэтыну зэрызыхуагъэзам арэзы темыхъуэу, ар хабзэм къызэремызэгъри къамылъытэу, зыхуэфащэ следствэ Iуэхухэри ирамыгъэкIуэкIыу унафэ къыщащтэ щыIэщ;
- следствэмкIэ къудамэхэм я унафэщIхэм я нэIэ зытетын хуей лэжьакIуэхэм якIэлъыплъыныр къызэрагъэтIасхъэм, абы къытрагъэзэжурэ хабзэр къызэпаудыныр къызэришэр.

Абыхэм япкъ иткIэ, мыпхуэдэ чэнджэщхэр сэбэп хъуну къыдолъытэ:

- следствэмкIэ органхэм я унафэщIхэм щIагъэткIиен хуейщ къащта унафэхэм Iуэхур зэхьэлIахэр и чэзум щыгъуазэ щIыным теухуауэ следователхэм яхь жэуаплыныгъэр;
- прокуратурэм и лэжьакIуэхэм нэхъ жыджэру къагъэсэбэпыпхъэщ прокурорхэм хабзэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр, уголовнэ Iуэхухэр къаIэтын мызэ-мытIэу зымыдахэм апхуэдэ ныкъусаныгъэхэм къытрамыгъэзэжын папщIэ;
- балигъ мыхъуахэм хабзэр къыщызэпауд къамыгъэхъун папщIэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэр щIалэгъуалэм нэхъ жыджэру ядэлэжьэну, ахэр гъэкъуэншэн щыхуейм Iуэхур нэмыгъэсауэ нэхъ пасэу щIэпхъаджагъэр япэIэщIэ щIын хуэдэу;
- киберщIэпхъаджагъэхэмрэ наркотикхэр зэгъэкIуэкIынымрэ хуэгъэза бэнэныгъэр нэхъри гъэлъэщын, иджырей IэмалхэмрэIТ-кIэлъыплъыныгъэмрэ къэгъэсэбэпауэ;
- суд IэнатIэм и лэжьакIуэхэм пащэн хуейщ Iуэхур зэхэгъэкIыным кIыхьлIыхь щащI къэхъуамэ, апхуэдэу къуаншагъэм е захуагъэм щыхьэт техъуэхэр зэрахьэкIауэ къыщIагъэщамэ, абы теухуа унафэхэр къащтэныр.

Ебгъуанэ Iыхьэ
Щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм щыIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ пробацэм теухуа хабзэхэм зегъэужьынымрэ

«Зыми залымыгъэ е гущIэгъуншагъэ, цIыхугъэншагъэрэ и пщIэр езыудых хущытыкIэрэ кIэлъызэрахьэ хъунукъым» (ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ псоми ехьэлIа декларацэ, 5-нэ статья).

Щхьэхуимыту яIыгъ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъума зэрыхъу щIыкIэрщ къэзыгъэлъагъуэр хабзэм тет къэралыгъуэм и лъэщагъыр.

Уполномоченнэм и лэжьыгъэр 2025 гъэм тещIыхьауэ щытащ цIыхум и щIыхьыр хъумэным теухуауэ УФ-м и Конституцэмрэ дунейпсо хабзэ актхэмрэ щыщIэгъэбыдахэр япэ игъэщыным.

Иужьрей илъэсхэм нэрылъагъущ къэралым и унафэщIхэмрэ граждан жылагъуэм и институтхэмрэ пенитенциар IэнатIэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр. Езы IэнатIэм гущIэгъур нэхъ щытепщэ хъуащ, хэпщIыкIыу мылъку нэхъыбэ хуаутIыпщ IэнатIэм и материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным, тутнакъхэр щаIыгъ щIыпIэхэм зыхуэфащэ щытыкIэхэр къащхьузэгъэпэщыным. Абыхэм я гугъу щащIащ Урысей Федерацэм ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ я уполномоченнэхэм я ЗэзыгъэуIу советым и зэIущIэм. Советым и унафэщI, Урысей Федерацэм ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Москальковэ Т. Н., къэрал къулыкъущIэхэм, щIыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, хабзэм ебэкъуахэм тезыр тралъхьащ, хуитыныгъэр, я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ япыщIауэ щытынымкIэ Iэмалыр паубыдащ, ауэ ахэри къэралым и цIыхущ, абыхэми, нэхъ мащIэми, хуитыныгъэхэр яIэщ икIи абыхэм ахэр къыхуэзэрагъэпэщын хуейщ, ахэр Iыгъыным, я псэукIэм, узыншагъэм теухуауэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныр зи пщэ къыдэхуэхэм яхузэфIэкI псори ящIапхъэщ ахэр щхьэхуит щыхъужкIэ, «бзаджагъэ щэху ягу илъу» тутнакъэщхэм къимыкIыжын, атIэ граждан жылагъуэм жыджэру хэзэгъэжын хуэдэу.

Мыпхуэдэ бжыгъэхэр щыIэщ:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэщ къуэншахэр уголовнэ жэуапым щрашалIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэу 8: нэхъ щабэу щаIыгъ ИК-2-р; нэхъ пасэуи хабзэм ебэкъуахэу щхьэхуимыту яIыгъыу тралъхьа тезырыр зрагъэпшыныжа бзылъхугъэхэм папщIэ 1-нэ цIыхубз колониер (ИК-4-р); 1-нэ цIыхухъу колониер, суд унафэкIэ япэу ягъэтIыс цIыхухъухэр щаIыгъыр (ИК-1-р); ягъэтIысар ткIийуэ щаIыгъ 1-нэ ИК-р; нэхъ пасэуи хабзэр къызэпауду щхьэхуимыту яIыгъыу тралъхьа тезырыр зрагъэпшыныжа цIыхухъухэм папщIэ (ИК-3); 1-нэ колониепоселениер; зэрымыщIэкIэ щIэпхъаджагъэ зылэжьахэр, ауэ нэхъапэм ямыгъэтIысахэр, апхуэдэу ящIэу хабзэм япэу ебэкъуахэр щаIыгъыр (КП-5); 1-нэ следственнэ изоляторыр (Налшык къалэм и СИЗО №1-р); къуэншахэр гъуэгу захуэм щытрагъэувэж, тезырхэр щрагъэпшыныж центр №1-р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм щыIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и пIалъэ щащIэ. Дэ дыпыщIащ Суд унафэкIэ тезыр зытралъхьахэм ар егъэпшыныжынымкIэ къэрал управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм. Дызэрызэдэлэжьэнум теухуа ЗэгурыIуэныгъэм Iэ теддзащ, абы къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIа зэрыхъур я нэIэ щIэтщ Уполномоченнэм, УФСИН-м и унафэщI Демидов А. А. Эксперт советым хэтщ УФСИН-м и унафэщIым ягъэтIысахэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и къуэдзэр. Уполномоченнэм илъэс къэс ищI докладым хигъэхьащ «Щхьэхуимыту цIыхур щаIыгъ щIыпIэхэм щыIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ Уполномоченнэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр» Iыхьэр.

УФСИН-м и унафэщIыр илъэс къэс кърохьэлIэ Уполномоченнэм деж щыIэ Эксперт советым и зэIущIэм, Уполномоченнэри хэтщ Коллегием и зэхуэсым. Сэбэпынагъ къызэрырикIуэр къигъэлъэгъуащ ОНК-м, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, Уполномоченнэм и аппаратым я лэжьакIуэхэр, прокуратурэм, дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр хэту, къэпщытэныгъэхэр СИЗО-м, УФСИН-м хыхьэ щIыпIэхэм зэгусэу зэрыщрагъэкIуэкIым.

Абы и фIыгъэкIэ, тутнакъхэр, зи Iуэхум хэплъэхэр зэраIыгъ щIыкIэм, абыхэм я хуитыныгъэхэм ди нэIэ тыдогъэтыф. Тхьэусыхафэ, зэрызыкъытхуагъазэ куэдым абдежхэм дыщыхоплъэ икIи абыхэм ятеухуа унафэхэр къащтэ. 2025 гъэм нэхъыбэ хъуащ ФСИН-м и IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм теухуа тхьэусыхафэу къытIэрыхьэм я бжыгъэр: 218-рэ зыкъытхуагъэзащ (2024 гъэм зэрыщыта 161-м и пIэкIэ).

А зэхъуэкIыныгъэхэр къызыхэкIар тутнакъхэр щаIыгъ щIыпIэхэр нэхъыкIэ ящIауэ аракъым, атIэ ягъэтIысахэм хабзэм нэхъ жыджэру зыщагъэгъуазэ, щIыпIэхэм нэхъыбэрэ дыкIуэ зэрыхъуарщ. 2025 гъэм аппаратым и лэжьакIуэхэр, ОНК-м и лIыкIуэхэри ящIыгъуу, инспекцэ щхьэусыгъуэкIэ 50-рэ щыIащ цIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм. Къэпщытэныгъэхэм къызэщIаубыдащ следственнэ изоляторыр, къуэншахэр гъуэгу захуэм щытрагъэувэж колониехэр, УФСИН-м и центрхэр, апхуэдэу МВД-м и ИВС-р, псантхуэ узыфэхэр зыпкърытхэр щаIыгъ стационархэр.

Тутнакъэщхэм щаIыгъхэм щаIущIэм закъыхуэзыгъэза цIыху 92-м ядэIэпыкъуащ. Абыхэм зэрызыкъыхуагъэзахэр зытеухуар тутнакъхэр щаIыгъ щIыпIэхэм я щытыкIэм и закъуэтэкъым, узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ къызэрызэгъэпэщами, апхуэдэуи езыхэм ехьэлIауэ къащта суд унафэхэмкIэ мыарэзыуэ зэрытхьэусыхэжми пыщIат.

2025 гъэм и жэпуэгъуэм Уполномоченнэм доклад ищIащ ягъэтIысауэ щытахэр мамыр псэукIэм хэгъэзэгъэжыным теухуа Iэмалхэм ятеухуауэ, хуит къэхъужа нэужь цIыхухэр жылагъуэ гъащIэм къыхэшэжыным хуэгъэза IэнатIэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр къыхигъэщу.

Зэрызыкъыхуагъэзахэр зытеухуахэр:

- зэпыщIэныгъэм и Iэмалхэр къагъэсэбэпынымрэ зыхуейхэм яхуэзэнымрэ (компьютерхэмрэ связымрэ теухуа чэнджэщхэр);
- зэрагъэпажэ хабзэхэм, къуэдыхэр зэрыщхьэщахыжымрэ къытралъхьа пIалъэр ямыухыу къаутIыпщыжынымрэ ехьэлIахэр;
- щхьэусыгъуэншэу лэжьакIуэхэр тэмэму къазэрыхущымытым (тхьэусыхафэ 31-рэ);
- медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэныр (тхьэусыхафэ 17).

Нэхъапэми хуэдэу, лъэIуэхэр къытIэрохьэ тутнакъхэр я Iыхьлыхэм хуагъэза хъунымкIэ, телефонхэр къагъэсэбэпыным, ягъэпэжэнымрэ къуэдыхэр щхьэщахыжынымрэ, нэхъ пасэу кърагъэкIыжыным е я тезырыр нэхъ хуагъэщабэу нэгъуэщI щIыпIэм ягъэкIуэным, къинэмыщI Iуэхухэми ятеухуа чэнджэщхэм хуэныкъуэу. Медицинэ дэIэпыкъуныгъэ нэс зэрамыгъуэтым теухуа тхьэусыхафэхэри къытIэрохьэ.

Къэтпщытэж лъэхъэнэм къриубыдэу Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ 21-рэ кIуащ цIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм (СИЗО-1-м, ИК-1-м, ИК-3-м, ИК-4-м, КП-5-м, ИЦ/УФИЦ-м, ИВС-м), абыхэм ОНК-мрэ КъБР-м и прокуратурэмрэ я лIыкIуэхэри ящIыгъуи щыIэу.

2025 гъэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и ехъулIэныгъэхэм ящыщщ тутнакъэщхэм я администрацэхэм зыхуимыт Iэмалхэр (цIыхугъэншагъэ, залымыгъэ) къагъэсэбэпу цIыхухэм зэран зэрахуэмыхьуар.

Апхуэдэу щытми, прокуратурэм къызэритамкIэ, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм, тезырыр егъэпшыныжыным хуэгъэза нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми и лэжьакIуэхэм ящIауэ ныкъусаныгъэ 540-рэ къыщIагъэщащ. Къапщтэмэ, абы щыхьэт тохъуэ мыхэр:

- зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэм тхылъ 236-рэ хуагъэхьащ, абыхэм япкъ иткIэ я лэжьыгъэм къыщагъэхъуа ныкъусаныгъэм щхьэкIэ жэуапым ирашэлIащ къулыкъум пэрыт цIыху 291-рэ;
- IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр арэзы зытехъуа, хабзэм къемызэгъ акт 56-рэ якъутэжащ;
- зэрагъэкъуаншэ тхылъитI ягъэхьащ УФ-м и КАС-м теухуауэ (Административнэ суд щIэкIэм и хабзэр);
- IуэхуитI къызэIуахащ я лэжьыгъэм теухуа хабзэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу.

Уполномоченнэм къыхегъэщ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и IэнатIэм тутнакъхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщын и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэфIхэр къызэрыщыхъуар, апхуэдэу щытми, узыфэ хэхахэр зыпкърытхэм еIэзэ дохутырхэр яхурикъуркъым, технологие лъагэр зи лъабжьэ медицинэ Iэмэпсымэхэр яIэкъым, абыхэм IуэхущIапIэхэм, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным епха IэнатIэхэм Iэмал къратыркъым медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр фIагъ яIэу хуащIэнымкIэ, зи чэзу операцэхэр абыхэм щрагъэкIуэкIынымкIэ.

Ахэр лъабжьэ яхуохъу щхьэхуимыту яIыгъхэм Уполномоченнэм зыкъыщIыхуагъазэ щхьэусыгъуэхэм.

Дэ нэхъапэми къыхэдгъэщащ, УФ-м и УИК-м и 73-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа къуаншагъэхэр зылэжьахэр щаIыгъын колониехэр республикэм зэрыщымыIэм къыхэкIыу, апхуэдэхэр зыщIэщIа цIыхухэм я къуаншагъэхэр щыпсэу щIыпIэхэм е я суд щащIам щрахьэкIыжынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэгъэпэща зэрымыхъур. ЦIыхухэр щIыпIэ жыжьэхэм яшэри, я унагъуэхэм япыщIауэ щытынымкIэ, абыхэм къыхуахьэхэр къаIэрыхьэнымкIэ, езыхэм яIущIэнымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр япэубыда мэхъу. Дэ иджыри зэ къэралым зыхудогъазэ мы гугъуехьыр дэгъэкIыныр щIигъэпсынщIэну. Абы зи суд ящIахэр я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яIущIэныр нэхъ тынш ищIынум и закъуэкъым, атIэ щхьэхуимыту яIыгъхэм къабгъэдэкIыу Уполномоченнэм тхьэусыхафэрэ зэрызыхуагъазэу къыхуагъэхьыр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъунут.

Дэ апхуэдэуи къыхыдолъхьэ УФ-м хыхьэ щIыналъэхэм я уполномоченнэхэм я аппаратхэм я лэжьакIуэ жэуаплыныгъэ зыхэлъхэр ФСИН-м и IуэхущIапIэхэм пэрыуэншэу дагъэхьэнымкIэ хуитыныгъэ кърату, абы папщIэ зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейщ «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щыIэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэр» Къэрал законым.

Щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм къыщыхутахэм жылагъуэмрэ къэралымрэ гулъытэ хэха хуащI зэрыхъуам и щыхьэтщ Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэ къызэрызэрагъэпэщар. Дэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм дыщIыгъуу яужь дитщ кIэлъыплъакIуэ комиссэ къызэдгъэпэщыным икIи хабзэм и лъэныкъуэкIэ щIэгъэкъуэн дыхъуным.

Москальковэ Т. Н., абы и аппаратым жыджэру зыкъытщIигъакъуэу дэ пыдощэ тутнакъэщхэм къикIыжахэр жылагъуэ гъащIэм хэгъэзэгъэжыным пыщIа гугъуехьхэр дэгъэкIыным. Уполномоченнэхэм я ЗэзыгъэуIу советым и зэIущIэу Красноярск крайм щызэхэтам къыщыхагъэщхьэхукIащ, зи суд ящIахэм ящыщ куэдым тутнакъэщхэм исыху, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу, я унагъуэхэм, зыхэта лэжьакIуэ гупхэм е зыдеджахэм хуаIа пыщIэныгъэхэр зэрафIэкIуэдыр, псэупIэншэу къызэрынэр. Щхьэхуит хъужа нэужь ахэр зыпэмылъэщын лъэпощхьэпохэм Iууэ икIи, здагъэзэнур къахуэмыщIэу, аргуэру щIэпхъаджагъэхэр ялэжь, тутнакъэщхэм къыщохутэж. Абы и лъэныкъуэкIэ пщIэшхуэ иIэщ Красноярск краймрэ нэгъуэщI щIыналъэхэмрэ, апхуэдэ цIыхухэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпса центрхэр къыщызэрагъэпэщахэм, я Iуэху зехьэкIэм. Ахэр мэлажьэ Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту икIи абы мылъку яхухех. Щхьэхуит хъужахэм абыхэм пIалъэкIэ щыпсэун ират, я дэфтэрхэр зэфIагъэувэжынымкIэ зыщIагъакъуэ, я IэщIагъэм теухуа IэнатIэ къыхуалъыхъуэ. Апхуэдэуи ядоIэпыкъу я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, уэчылхэм зыпащIэжынымкIэ. Зэман гуэр дэкIа нэужь, ахэр хуиту тохъэж къызэрыгъуэкI псэукIэм. Егъэлеиныгъэ хэмылъу жытIэ хъунущ дэри къэрал хабзэр гъэзэщIэн и лъэныкъуэкIэ къэрал властым и органхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм яхудиIэ пыщIэныгъэхэр зэрыдгъэбыдар. Ауэ, зэхъуэкIыныгъэфIхэр щыIэми, пробацэмкIэ центр хэха диIэнымкIэ щыIэ гугъуехьыр иджыри и пIэ имыкIауэ къонэж.

Уполномоченнэр хэтщ терроризмэм, экстремизмэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьу суд зытращIыхьахэу тралъхьа тезырыр япшыныжа нэужь жылагъуэ гъащIэм хыхьэжыну хуейхэм защIэгъэкъуэнымкIэ комиссэу КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэм и лэжьыгъэм. Абы папщIэ къагъэсэбэп граждан жылагъуэм и институтхэм и Iэмалхэр, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм, лIакъуэхэм я советхэм я зэфIэкIхэр, апхуэдэ жэрдэмхэр зэрыдаIыгъыр хъыбарегъащIэ IэнатIэмкIэ хэIущIыIу ящI. Апхуэдэ зэдэлэжьэкIэр, дэ дызэреплъымкIэ, хуощхьэпэ щIыналъэм шынагъуэншагъэр пIалъэ кIыхькIэ къыщызэгъэпэща хъуным.

ЦIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм я лэжьыгъэм 2025 гъэм щедгъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэм япкъ иткIэ жыIэн хуейщ республикэм и пенитенциар IуэхущIапIэхэм щытыкIэр зэпIэзэрыту зэрыщекIуэкIыр, ар ди нэIэм зэрыщIэтыр. Къэрал хабзэм къемызэгъ Iэмалхэр, залымыгъэ тутнакъхэм зэрыкIэлъызэрамыхьэр и щыхьэтщ Уполномоченнэм прокуратурэм и органхэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэр, КъБР-м и Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэр щIыгъуу иригъэкIуэкI лэжьыгъэм фIагъ къызэрыдэкIуэм.

Республикэм и Правительствэм лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI ягъэтIысахэр жылагъуэ гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ, пробацэмкIэ Къэрал законым къигъэувхэр гъэзэщIэным теухуауи. Апхуэдэу щытми, абы ехьэлIа гугъуехьхэр къызэнэкIа хъун папщIэ дэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм долъэIу ресоциализацэмрэ пробацэмкIэ республикэ центр къызэгъэпэщын Iуэхум иджыри зэ къытригъэзэжыну, ягъэтIысауэ щыта цIыхур щхьэхуит къэхъужа нэужь псэупIэрэ лэжьапIэ IэнатIэрэ иIэнымкIэ шэсыпIэхэр къыхузэгъэпэща хъун папщIэ.

Абы папщIэ мыбыхэм гулъытэ хуэщIын хуейуэ къыдолъытэ:

- узыфэ хэхахэр зыпкърытхэм еIэзэ дохутырхэр зэрахуримыкъум теухуа Iуэхум хэлъ ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну, тутнакъхэм технологие лъагэр зи лъабжьэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтын хуэдэу;
- ягъэтIысахэр щаIыгъ щIыпIэхэм щыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным пыщэныр: я унагъуэхэм япыщIауэ щытынымкIэ яIэ хуитыныгъэм хэгъэхъуэныр, юридическэ дэIэпыкъуныгъэ нэхъ тыншу ягъуэт хъуныр;
- щхьэхуит къэхъужа цIыхум псэупIэрэ IэнатIэрэ иIэнымкIэ щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъуну Iэмалхэр къызэгъэпэщыныр, сыту жыпIэмэ, абы и закъуэщ цIыхум аргуэру щIэпхъаджагъэ имылэжьэным хуэщхьэпэ Iуэхуу щытыр;
- кIэлъыплъыныгъэ мурадкIэ тутнакъэщхэм щIэх-щIэхыурэ кIуэным пыщэныр, жылагъуэм пэлъэщIэ ящIа цIыхум и пщIэр хъумэныр и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къызэрилъытэм къыхэкIыу.

ЦIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм щыIэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным ехьэлIа къалэнхэр узэгъусэу фIэкIа зэрыпхуэмыгъэзэщIэнур къыгурыIуэкIэрэ, Уполномоченнэм адэкIи и мурадщ УФСИН-м хыхьэ IуэхущIапIэхэм сэбэпынагъ къихьу адэкIи ядэлэжьэну.

ЕпщIанэ Iыхьэ
Уполномоченнэр къэрал властым и органхэм, щIыпIэхэм унафэр щызыщIхэм, граждан жылагъуэм и институтхэм зэрапыщIар

«ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм щыIэхэм ятеухуауэ» Къэрал законым къыщыгъэлъэгъуа хуитыныгъэхэр пхыгъэкIыным пыщIа къалэнхэр нэсу гъэзэщIэныр елъытащ Уполномоченнэр цIыхубэ властым и субъекthэмрэ граждан жылагъуэмрэ зэрадэлажьэм и фIагъым. 2025 гъэм аппаратым и лэжьыгъэм и лъабжьэу щытащ зэIухауэ зэпсэлъэныр, Iуэхум жэуаплыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэныр.

2025 гъэм нэхъри ефIэкIуащ Уполномоченнэмрэ къэрал, муниципальнэ властым и органхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр. Дэ ди Iуэхухэр зэхащIыкI икIи къыддаIыгъ КъБР-м и Iэтащхьэм, КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэм, УФ-м и Президентым КИФЩI-м щиIэ полномочнэ лIыкIуэм и аппаратым. КъБР-м щылажьэ къэрал, федеральнэ органхэм, апхуэдэуи жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я нэхъыбапIэм етщIылIа зэгурыIуэныгъэхэм пытщащ е щIэхэр зэдухылIащ цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ.

2025 гъэм апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм пытщащ мыпхуэдэ актхэмкIэ:

- ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм етщIылIа ЗэгурыIуэныгъэр (25.02.2025) теухуащ цIыхум хуэгъэзауэ судым къищта унафэхэр щагъэзащIэкIэ, ар зыхуэгъэзахэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, псом хуэмыдэу псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуэныкъуэнур абы къыхуэгъэнэжынымкIэ;
- КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ и инспекцэм етщIылIа ЗэгурыIуэныгъэм (05.03.2025) Iэмал къитащ лэжьапщIэр ягъэгувэмрэ е лэжьыгъэр хъумэным теухуа хабзэм ебакъуэмрэ, абы и чэзум зыхуэфащэ жэуап етынымкIэ;
- КъБР-м и дзэ комиссариатым етщIылIа ЗэгурыIуэныгъэр (26.03.2025) дзэм еджэнымрэ СВО-м хэтхэм я льготэхэр етынымрэ пыщIа Iуэхухэм ятеухуауэ къытIэрыхьэ тхьэусыхафэхэр зэфIэхыным и лъабжьэу уващ;
- Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм и управленэу КъБР-м щыIэм дызэрыдэлажьэр:

нэхъапэм диIахэм пытщэу дызэрызэгурыIуам Iэмал къитащ НКО-м и лэжьыгъэм дызэрыкIэлъыплъымрэ юридическэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэу ягъуэтынымрэ хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэгъэуIуныр;

зэгурыIуэныгъэ хэхахэр: мыхьэнэшхуэ иIэщ Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм дызэрыдэлажьэм, ар хуэгъэзащ ныкъуэдыкъуэхэр я зэфIэкIкIэ зыпэлъэщыну Iуэхухэм хэзэгъэнымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къахузэгъэпэщыным.

2025 гъэм пытщащ мыбыхэм дазэрыдэлажьэм:

Зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм я республикэ советым, «Алан», «Дунейпсо Адыгэ Хасэ» зэгухьэныгъэхэм;

Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэмрэ КъБКъУ-м и юридическэ клиникэмрэ. Ахэр хэту икIи и щIэгъэкъуэну йокIуэкI зи ныбжьыр хэкIуэтахэм, пенсионерхэм, зи къарум къимыхьхэм юридическэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэу етыным хуэгъэза Урысейпсо махуэхэр.

ЕпщыкIузанэ Iыхьэ
ЦIыхухэр къэзыухъуреихь дунейр къабзэу, щIыуэпсыр шынагъуэншэу щытыным теухуауэ Конституцэм щыубзыхуа хабзэхэр къахузэгъэпэщыныр

ЦIыхум къэзыухъуреихь щIыуэпсым теухуауэ иIэ хуитыныгъэхэм, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ дунейпсо декларацэу 1948 гъэм къыдэкIари щыхьэт зытехъуэм, иджырей юридическэ Iуэхухэм зэхъуэкIыныгъэхэр щагъуэтащ икIи «ещанэ лIакъуэм» и хуитыныгъэхэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэхухэм ящыщ зы хъуащ.

Урысей Федерацэм а хуитыныгъэхэр хъумэныр къызэрегъэпэщ Конституцэм и 42-нэ статьям, къэзыухъуреихь дунейр зэпэщынымкIэ, абы и щытыкIэм теухуа пэжыр ищIэнымкIэ, экологием игъуэта ныкъусаныгъэхэм я зэранкIэ езым и узыншагъэм е и мылъкум игъуэта хэщIыныгъэр зыхуэдэм щыгъуэзэнымкIэ дэтхэнэми шэсыпIэу хуэувым.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа доклад

(КIэухыр. Пэщ1эдзэр 2 - 3-нэ нап.).

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыщихъуэжащ экологием ехьэлIауэ къэхъу ныкъуэсаныгъэхэр къазэрыщыхъум. ЦIыхухэр щIыуэпсым щекIуэкIхэм къафIэмыIуэхуу бгъэдыхьэжыркъым, зыщыпсэу щIыпIэр я узыншагъэм сэбэп хуэхъуу щытынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр яхъумэжкIэрэ. Абы щыхьэт тохъуэ Уполномоченнэм зэрызыкъыхуагъэзахэр.

«Щхъуантlагъэм хэс Налшык» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэр къызэрежьамрэ зэрызиужьымрэ, къэралми хэIущIыIу щыхъуар, къапщтэмэ, «Российская газета»-ми гулъытэ хуищIащ абы, и щыхьэтщ республикэм граждан жылагъуэ нэхъ жыджэр иIэ зэрыхъум, ахэр щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ унэхэр зыухуэхэм щхъуантIагъэхэр иремыгъэупщIыкIынымрэ я телъхьэу къызэрыувым.

2025 гъэм дызыIуа гугъуехь нэхъ инхэм ящыщщ кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэкъуэнымрэ ахэр лъэныкъуэ егъэзынымрэ пыщIахэр, а къалэныр мыгъэзэщIэныр цIыхухэм я къабзагъэ-эпидемиологие хуитыныгъэхэр къызэпыудыным епхащ.

Хуитыныгъэр хъумэным теухуауэ Налшык къалэм и «Вольный Аул» хьэблэм щрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуащ щытыкIэр икъукIэ зэрымыхъумыщIэр, «Экологистика» ООО-м и операторым и къалэнхэр тэмэму зэримыгъэзащIам къыхэкIыу къабзагъэм и мардэхэр къызэрызэпаудар. КIэрыхубжьэрыхухэр и чэзум зэрыдамышам къыхэкIыу, абыхэм мафIэ щIадзащ. ХэкIыпIэншагъэм къыхэкIыу цIыхухэр а Iэмалым зэрыхуеkIуам, дэ дызэреплъымкIэ, шынагъуэ тIуащIэ къашащ:

- химиекIэ дунейр яуцIэпIащ: пластикымрэ синтетикэ кIэрыхубжьэрыхухэмрэ щискIэ, щIыуэпсым хохьэ абыхэм къапих диоксинхэмрэ нэгъуэщI пкъыгъуэ шынагъуэхэмрэ;

- гъащIэмкIэ къишэ шынагъуэр: щхъухь зыхэлъ Iугъуэр зэранщ зи тхьэмбылыр, зи бгъэр узхэм, сабийхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ я дежкIэ. Май муниципальнэ щIыналъэм дыкIуауэ цIыхухэм дащыIущIэм Уполномоченнэм цIыху гупым зыкъыхуагъэзащ я экологие хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу. ЩIыпIэм дыкIуэу къыщытпщытэм наIуэ къэхъуащ «Экологистика» ООО-м и лэжьыгъэм хэлъ ныкъуэсаныгъэхэр.

Дэ Iуэхум дыхыхьа нэужь, къалэм и прокурорри къыддэIэпыкъури, пхъэнкIийхэр дэшыным и Iуэхур тэмэму зэтраухуэжауэ щытащ. Апхуэдэу щытми, щытыкIэр зэзэмызэ зэбгъэзэхуэжкIэ, операторым зрикъун техникэрэ кIэрыхубжьэрыхухэр зрадзэ контейнерхэмрэ къызэремэщIэкIым пыщIа гугъуехьхэр зэфIэгъэкIа хъунукъым.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ щыIэу, къуажэдэсхэм Уполномоченнэм зыкъыхуагъэзащ экологие и лъэныкъуэкIэ къэхъея зэныкъуэкъум хэIэбэу абы унафэ тещIыхьынымкIэ ядэIэпыкъуну. ЦIыхухэм къызэралъытэмкIэ, ар гъунэгъуу зэкIэщIэсауэ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр гъэкIыным елэжь «Сад» ООО-м къигъэсэбэп технологиехэм, къэкIыгъэхэр узхэм, хьэпIацIэхэм ящыхъума хъун папщIэ химие пкъыгъуэхэр куэдрэ зэрытриутхэм (зы къыпыкIэгъуэ илъэсым 25-м нэсрэ) къърикIуа ныкъуэсаныгъэщ. Псыежэхыр зэрыгъунэгъум икIи химикат щхъухьхэр абы хэмыхуэным щызыхъумэ къэухьхэр зэримыIэм къыхэкIыу, ахэр абы холъадэ икIи яуцIэпI: мэкъумэш IэнатIэм къыщагъэсэбэп химикатхэм ящIыгъуу псыежэхым хакIэ хьэрычэтыщIэ IуэхущIапIэхэм къащIэж псы фIейри, псыхъуэри пхъэнкIийм щIигъэнащ.

Зи гугъу тщIы жылэхэм щыщхэр зэфэ псыр къызэрапщытам кърикIуахэми узыщыгуфIыкIын хэлъкъым, абы къыхэкIыу цIыхухэм псыр птулъкIэхэм иту къащэхуурэ ефэн хуей мэхъу, абы я ахъшэ трагъэкIуадэу.

Уполномоченнэм и жэрдэмкIэ, прокурорым а ныкъуэсаныгъэхэр ягъэтэмэмыжын хуейуэ яхуигъэуващ щытащ, ауэ псыр зыуфIей щхьэусыгъуэхэр ягъэзэкIуэжакъым. Экспертхэм зэрыжаIэмкIэ, къэрал IэщIагъэлIхэр къыхэпшэн папщIэ правительствэ IуэхущIапIэхэр Iуэхум къыхыхьэн хуейщ. IуэхущIапIэхэм зэдай зыуэ щыт программэ къэщтэн хуей хъункIэ хъунущ, абы къуэншахэм къуэды ятрилъхьэкIэ зэфIимыгъэкIыу, псыр зэрагъэкъабзэ технологие IэмалыщIэхэри хыхьэнущ, апхуэдэу мэкъумэш IуэхущIапIэхэр псым пэгъунэгъу щIыпIэхэм зэрыщылажьэм хабзэ ткIий хилъхьэфынут.

Прохладнэ, Май щIыналъэхэм щыпсэухэми зыкъыхуагъэзат Уполномоченнэм, хьэ хьэулейхэм гугъу зэрырагъэхьым теухуауэ тхьэусыхэу. Ар экологиемрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ щызэпыщIа гугъуехьщ.

«Къэубыдын-шыр къащIэмыхъуэн хуэдэу щIын-утIыпщыжын» мардэ зытетыр цIыхухэм мыхьэнэшхуэ зимыIэу къалъытэ, хьэ хьэулейхэм я IыгъыпIэхэр ирикъуу зэрыщымыIэм къыхэкIыу. ЦIыхухэм къатхам апхуэдэуи къыщыгъэлъэгъуащ щIыналъэхэм ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэм я кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыщракъухьыр, абыхэм къызэралъытэмкIэ, муниципальнэ властхэм зыри ящIэркъым кIэрыхубжьэрыху инхэр изыкIутхэм ар яхуэмыдэным хуэгъэзауэ. Къызыхуэтыншэу унэхэр щызэрагъэпэщыжкIэ зэтрихьэ кIэрыхубжьэрыхухэр Iушыным зэрыкIэлъымыплъым и зэранкIэ, щIыпIэхэм я теплъэр фаджэ мэхъу.

Апхуэдэуи дэ зыкъытхуагъэзащ Прохладнэ къалэм щыщ гупым, жэщым загъэпсэхунымкIэ яIэ хуитыныгъэр къызэрызэпаудым къыхэкIыу. Абыхэм къызэралъытэмкIэ, зы жэщ-махуэкIэ фэтэрхэр зэратым, ахэр хабзэм щытемыти къэхъуу, къыдокIуэ пхуэмышэч Iэуэлъауэхэр. Роспотребнадзорым и щIыналъэ къудамэм а щытыкIэр зыхуэдэр къипщытэн хуейщ, ныкъуэсаныгъэхэр къэзылъытэ оборудованэ хэхахэр къигъэсэбэпу. Хуей хъумэ, фэтэрхэр зейхэр жэуапым ешэлIапхъэщ.

2025 гъэм КъБР-м и экологие щытыкIэр цIыхухэр зыгъэпIейтейуэ щытащ. Нэхъыщхьэу ар ехьэлIат кIэрыхубжьэрыхухэр и чэзум лъэныкъуэ зэрырамыгъэзымрэ мэкъумэш IэнатIэм къыщагъэсэбэп химикатхэмкIэ псыежэххэр зэрауцIэпIымрэ.

Мыбдежым мыпхуэдэ Iуэхухэр щебгъэкIуэкIыныр тэмэму къыдолъытэ:

КъБР-м и Правительствэм экологие щытыкIэр щынэхъ гугъу щIыпIэхэр къэгъэнэIуэным епха щIыналъэ реестр зэхигъэувэным теухуа жэрдэм къыхилъхьэныр;

ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министерствэм псыежэххэм я щытыкIэр зэпымыууэ къипщытэныр къызэригъэпэщыныр;

ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм хуит ямыщIауэ пхъэнкIий идзыпIэхэр зыщIхэм, псы фIейр псыежэххэм хэзыгъэлъадэхэм яхь административнэ жэуапыр ягъэткIииныр.

ЕпщыкIутIанэ Iыхьэ
ЦIыхухэм хэхыныгъэхэм теухуауэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэн, IэIэтым хэтхэм къэрал хабзэм теухуа я щэнхабзэм хэгъэхъуэн

ЦIыхухэм хэхыныгъэхэм хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къахузэгъэпэщыныр щытщ властым и органхэр къызэралъытэр, абы дзыхь зэрыхуащIыр къызэрагъэлъагъуэ Iэмалу икIи цIыхубэ властым и конституцэ хабзэхэр зэрагъэзащIэу (УФ-м и Конституцэм и 32-нэ статьяр, КъБР-м и Конституцэм и 36-нэ статьяр). Дунейпсо мардэхэм, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ псоми ехьэлIа декларацэмкIэ щIэгъэбыдахэм, тету Уполномоченнэм хэхыныгъэхэм ятеухуа хуитыныгъэхэм ехьэлIауэ 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм куэд къызэщIиубыдэу щытащ. Хэхыныгъэм пыщIа Iуэхухэр юридическэ и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэщауэ, узэщIыныгъэ проектхэри хэту зэрыщытам Iэмал къитащ хэхыныгъэхэм пыщIа институтым цIыхухэм хуащI дзыхьыр гъэбыдэнымкIэ.

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм дыдолажьэ Уполномоченнэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIымрэ зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ икIи абы лъабжьэ хъарзынэ иIэщ. Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм и Iэмэпсымэ нэхъыщхьэу щытщ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ комиссэр, абы илъэс зыбжанэ хъуауэ и унафэщIщ Уполномоченнэр. Советым и лэжьыгъэр хуэунэтIащ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм ядэIэпыкъуным, IэIэтым теухуа законодательствэм пыщIа Iуэхухэр цIыхухэм ягурыгъэIуэным, абыхэм жыджэру хэтынымкIэ епсэлъылIэным.

Уполномоченнэм ядиIыгъащ цIыху 1000-м щIигъу зыхэта республикэ зэпеуэр, «Сэ Урысейм срицIыхущ» проектыр гъэзэщIэныр, «ХэхакIуэ ныбжьыщIэхэм я клуб» сетым зегъэужьыныр, Прохладнэ къалэм а Iуэхум хуэгъэпса еджапIэ къыщызэIухынри абы хэту. Уполномоченнэми, цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным пыщIа зэгухьэныгъэми жыджэру хэтыну къапэщытщ Къэрал Думэм и депутатхэр 2026 гъэм зэрыхахынум зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ.

ЕпщыкIущанэ Iыхьэ
ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэмрэ щIыналъэхэм я уполномоченнэхэмрэ зэрадэлажьэр

ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыж къэрал институтыр къызэрагъэпэщынымрэ абы зиужьынымрэ я тхыдэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iыхьэ хъуащ «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щыIэхэм ятеухуауэ» Къэрал законыр къызэращтар. Абы и фIыгъэкIэ щIыналъэхэм а унэтIыныгъэм теухуауэ щекIуэкI лэжьыгъэхэр зэгъэуIуа икIи Урысей Федерацэм и щIыпIэ псоми щыпсэухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным зы мардэ пыухыкIа иIэ хъуащ.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэ Москальковэ Татьянэ Николай и пхъум и лэжьыгъэм пщIэшхуэ хуащIащ Къэрал Думэм и депутатхэм, 2025 гъэм абы зэфIигъэкIахэм теухуа доклад щищIам щыгъуэ.

Депутатхэр къыщыпсалъэм щхьэхуэу къыхагъэщырт омбудсменым и институтыр «... цIыхум и хуитыныгъэ къызэпаудахэр зэфIэгъэувэжыным хуэгъэпса къызэрыгуэкI органу къежьэу, иджырей зэманым къигъэув къалэн къызэрымыкIуэхэм псынщIэу унафэ тезыщIыхьыф IэнатIэ лъэщ зэрыхъуар». Абы и фIыщIэшхуэ хэлъщ езы Москальковэ Т.Н. Си гугъэщ а Iуэху еплъыкIэр Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм я нэхъыбапIэм даIыгъыу.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу УФ-м щыIэм лэжьыгъэхэр зэщIигъэуIуэу зэрыщытым и фIыгъэкIэ дызыхэплъэж лъэхъэнэм омбудсменхэм я Iулыджым къэрал кIуэцIым зэрыщыхэхъуам имызакъуэу, хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ урысей центрым и зэфIэкIыр дуней псом къыщалъытащ. Къэралым и щIыналъэхэм я уполномоченнэхэм я Зэзыгъэуlу центрхэр хъуащ IэщIагъэлIхэм мардэхэм я лъабжьэхэр щаубзыху щIыпIэ, законодательствэр зэманым къигъэувхэм пэджэжу зэтеухуауэ.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм илъэс псоми пыщIэныгъэ яхуиIэщ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэм, апхуэдэуи щIыналъэхэм я уполномоченнэхэм.

Иужьрей зэманым, псом хуэмыдэу дзэ Iуэху хэхар щекIуэкIым, дэ зэпымыууэ зыхыдощIэ дызэрызэхащIыкIымрэ зэрызыкъытщIагъакъуэмрэ. Зи хъыбар ямыщIэу кIуэда ди лъахэгъухэр къэлъыхъуэжын, ахэр гъэрхэмкIэ щызэхъуажкIэ къаутIыпщыжынухэм яхэгъэхуэн, унагъуэм щыщу зэфIэкIуэдахэр зэрыгъэгъуэтыжын, зауэ щекIуэкI щIыпIэхэм кърагъэIэпхъукIахэм гулъытэ яхуэщIын я лъэныкъуэкIэ къыпхуэмылъытэн дэIэпыкъуэгъу къытхуохъу къэралым и омбудсменымрэ абы и аппаратымрэ.

2025 гъэм и шыщхьэуIум къэрал Уполномоченнэм и лъэIукIэ, КIуэкIуэ К.В. и дэIэпыкъуныгъэкIэ Уполномоченнэр хэтащ Украинэм кърагъэIэпхъукIа цIыхуиплI къегъэблэгъэным, щхьэегъэзыпIэ етыным пыщIа Iуэхухэм.

КъагъэIэпхъуахэр «Къурш псынэ» санаторэм щIэдгъэтIысхьащ. Я щхьэкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий М.Б., КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министр Тогузаев ТI.М., КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ Шаваев И.Хь. Уполномоченнэм езым и ахъшэм щыщу щтапIэ къихьэжахэм сом мин пщIырыпщI яритащ. Щхьэхуэу фIыщIэшхуэ худощI санаторэм и унафэщI Безрокъуэ О.Т.

КъэIэпхъуахэм папщIэ медицинэ гупхэр къызэрагъэпэщащ, абыхэм я узыншагъэр сыт и лъэныкъуэкIи къапщытэн папщIэ, абыхэм зыхуей дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтащ, лэжьыгъэкIэ, зэрыпсэункIэ зыщIагъэкъуащ.

Украинэдзэхэр Курскэ областым щытеуам Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу СВО-м щыIэ ди щIалэхэм ящыщ куэд гъэр хъуащ е хъыбарыншэу кIуэдащ. Абыхэм я Iуэху зытетхэр зэхэгъэкIынымкIэ дэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къытхуэхъуащ къэрал Уполномоченнэмрэ абы и аппаратымрэ.

Абы папщIэ фIыщIэшхуэ ящI СВО-м хэтахэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ.

Москальковэ Т.Н. и къару емыблэжу зэрылажьэм пщIэшхуэ щыхуащI республикэм. Абы хуагъэфэщащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ЩIыхь зиIэ и дамыгъэр.

2026 гъэм ди мурадщ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм яхудиIэ пыщIэныгъэхэр нэхъри дгъэбыдэну, граждан жылагъуэм щыщхэм нэхъ дальэIэсын папщIэ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ платформэхэр къэдгъэщхьэпэну. Абы и фIыгъэкIэ къэралым цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэза и дэIэпыкъуныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу дэтхэнэмкIи нэхъ къэгъэсэбэпыгъуафIэ хъунущ.

Зэгъусэу едгъэкIуэкI Iуэхухэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр:

- къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэмрэ къагъуэтар хэтми зэхэгъэкIыным хуэгъэза Iуэхухэмрэ егъэкIуэкIыныр: дзэм къулыкъу щызыщIэзу хъыбарыншэу кIуэдахэм ятеухуа хъыбархэмкIэ зэхъуэжэным, хэкIуэдахэр гъэнэIуэным, гъэр хъуахэр хуит къегъэщIыжыным;

- 2025 гъэм зи Iыхьлыхэр къэзылъыхъуэхэм къатхахэм япкъ иткIэ, Уполномоченнэм зэрызахуигъазэ 39-рэ яхуигъэхьащ а Iуэхухэр зи пщэ дэлъхэм. Къэрал омбудсменым занщIэу зыпищIэну Iэмал зэриIэм, Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэмрэ Дунейпсо Жор Плъыжьымрэ дазэрыдэлажьэм я фIыгъэкIэ, дэтхэнэ зы Iуэхуми теухуа лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIащ ди лъахэгъухэр зэрызэхъуэжэнухэм я спискэхэм иратхэн папщIэ.

Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIащ СВО-м и ветеранхэмрэ абы ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэмрэ я Iуэхухэм теухуа методикэ чэнджэщхэу къэралым и Уполномоченнэм и аппаратым къытхуигъэхьахэм. Ар къытхуэщхьэпащ социальнэ дэIэпыкъуныгъэм и системэ укъэзымыгъэпцIэжын зэтедухуэнымкIэ.

Иужьрей илъэсхэм ефIэкIуащ щIыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэм Къэрал Думэмрэ ФедерацэмкIэ Советымрэ я комитетхэм яхудиIэ пыщIэныгъэр. Уполномоченнэхэр ирагъэблагъэ ФедерацэмкIэ Советым, Къэрал Думэм я зэIущIэхэм. Абы Iэмал къет щIыналъэхэм щыIэ гугъуехьхэм къэрал къулыкъущIэхэр щыдгъэгъуэзэнымкIэ, ахэр къыддэIэпыкъунымкIэ. Абыхэм къыщащта унафэхэр хуагъэхь езы щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм, апхуэдэ щIыкIэкIи хуитыныгъэхэр хъумэным дызыщыIууэ гугъуехь нэхъ инхэм гулъытэ къыхурагъэщIу.

Москва ди Iэзагъэм зэрыщыхэдгъахъуэм, къэрал мыхьэнэ зиIэ щIэныгъэ-практикэ конференцхэм дызэрыхэтым Iэмал къыдатащ уполномоченнэм и лэжьыгъэм тхьэусыхафэхэм зэрыщыхэплъэ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ IэмалхэрI къыщыдгъэсэбэпынымкIэ.

ЩIыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэм дазэрыдэлажьэр щIэгъэкъуэн къытхуохъу къыкъуэкI гугъуехьхэм псынщIэу унафэ ятещIыхьынымкIэ.

Дзэ зэпщIэтыныгъэхэр щекIуэкI щIыпIэм къиIэпхъукIыу Налшык къэкIуа Т., щыгъупщэх хъуауэ зыри зымыщIэжым, и хъыбарым наIуэу къегъэлъагъуэ щIыналъэзэхуаку зэпыщIэныгъэхэм я къарур. Апхуэдэу, Мурманскэ областым и уполномоченнэ Шилов М.В. зэрызыхуэдгъэзам и фIыгъэкIэ, а цIыхухъум Мончегорск къалэм фэтэрым и зэхуэдитI зэрыщиIэр къэтщIам и закъуэкъым, атIэ, зыкIи мыкъуэншауэ, абы ЖКХ-м и щIыхуэ къытехуауэ къыщIрагъэдзауэ зэрыщытари щхьэщедгъэхыжын тхузэфIэкIащ. Абы цIыхухъум Iэмал къритащ, илъэс 20 дэкIами, и Iыхьлыхэр къигъуэтыжынымкIэ икIи мылъку зэриIэри къищIэнымкIэ.

ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр щыIэми, дэ къыдолъытэ иджыри зэфIэмыкIа Iуэхухэм къытедгъэзэжын, къэралым и унафэ къыхилъхьэн хуейуэ:

- омбудсменхэр псори зэхуэдэу къызэгъэпэщауэ щытын хуейщ я лэжьыгъэм зыщыхуэныкъуэхэмкIэ: гулъытэншэу къэбгъанэ мыхъуну, икъукIэ зэщхьэщокI я цIыху бжыгъэкIи (лэжьакIуэ зыри зимыIэхэри, цIыху 60-м щIигъу зи дэIэпыкъуэгъухэри щыIэщ) аппаратхэм мылъкуу хухахымкIи;

- процессуальнэ лъэпощхьэпохэр: аппаратым и лэжьакIуэхэр яубыдам зэрыIущIэну бжыгъэм теухуауэ следователым хуит къищIу къахуигъэув мардэм хэплъэжын хуейщ. Абы цIыхур щаIыгъ щIыпIэр зыхуэдэм тэмэму щыгъуазэ зищIыну аппаратым и лэжьакIуэхэм Iэмал къаритыркъым;

- шынагъуэншагъэмкIэ шэсыпIэхэр: уполномоченнэхэмрэ абыхэм я лэжьакIуэхэмрэ я къалэнхэр щагъэзащIэкIэ зыри къеIусэ зэрымыхъунум, я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и шэсыпIэхэр къэрал хабзэр и лъабжьэу гъэувын хуейщ.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэмрэ абы и лэжьэгъухэу щIыналъэхэм щыIэхэмрэ зэрызэдэлажьэ хабзэхэу 2025 гъэм зэфIэувам наIуэ къищIащ щытыкIэ гугъухэм деж ахэр хъарзынэу я къалэнхэм зэрапэлъэщыр. 2026 гъэм а зэдэлажьэкIэм къыпащэнущ икIи ар хуэгъэзауэ щытынущ зэрызызэпащIэ каналхэр бжыгъэр зи лъабжьэхэм хуэгъэкIуэным икIи цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэн IэнатIэр щIэгъэхуэбжьэным хуэгъэза мардэхэр щIыналъэхэми къэралми щызэхэлъхьэным.

ЕпщыкIуплIанэ Iыхьэ
Уполномоченнэм и институтыр цIыхум и хуитыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъума щыхъун папщIэ дин зэгухьэныгъэхэм зэрадэлажьэр

Урысей Федерацэм иужьрей илъэсхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэхэр щачащ политикэ, граждан институтхэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ.

А лэжьыгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэу щытщ диныр, цIыхухэм я жылагъуэ, псэкупсэ гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэр, къэгъэщIэрэщIэжыныр. Псори дызыщыгъуазэщ щIыхьымрэ щхьэхуитыныгъэмрэ цIыхум и хьэл-щэн нэхъыфIхэм, гумащIагъэм къаэзэрыпхугуэмыхынур, атIэми ди цIыхухэм къадекIуэкI дин нэхъыщхьэхэм а лъапIэныгъэхэр сыт щыгъуи яхъумэу щытащ.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм теухуа законыр игъэзащIэкIэрэ, Уполномоченнэм гулъытэ хэха хуещI граждан жылагъуэм и институтхэм, дин зэгухьэныгъэхэм зэрадэлажьэ щIыкIэр иригъэфIэкIуэным, апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхум, республикэм щыпсэу псоми, абыхэм зэрахьэ диным емылъытауэ, я хуитыныгъэхэр хъума хъун икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мамырыгъэрэ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэрэ илъын папщIэ. Мыбдежым дэ дэIэпыкъуэгъу щыдощI дин IуэхущIапIэхэмрэ абыхэм я лэжьакIуэхэмрэ. Республикэм и жылэ псоми щаухуащ икIи щолажьэ члисэхэмрэ мэжджытхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэмрэ Урыс православнэ члисэм (Москва и Патриархатым) Пятигорск, Черкесск къалэхэм щиIэ Епархиемрэ зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIащ цIыхум и хуитыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъума щыхъун папщIэ зэпыщIауэ щытыным, зэдэлэжьэным ехьэлIауэ. КъызэрытлъытэмкIэ, Кавказ Ищхъэрэм пщIэ щызиIэ дин лэжьакIуэхэу Дзасэжь Хьэзрэталийрэ Феофилакт владыкэрэ я Iэхэр зыщIэлъ а дэфтэрхэр хуощхьэпэ цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныр нэхъри егъэфIэкIуэным.

Дин IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм быдэу дапыщIауэ дазэрыдэлажьэм щыхьэт тохъуэ, къапщтэмэ, щIыхьышхуэ зиIэ Феофилакт республикэм къыщыкIуэкIэ, Iэмал имыIэу зэман къигъуэтурэ, Уполномоченнэм деж къызэрыщIыхьэр, дызэрызэпсэлъылIэр, ар жыджэру хэтщ цIыху куэд къызрихьэлIэ, мыхьэнэшхуи зиIэ жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ зэхуэсхэм, абыхэм цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным ехьэлIахэри яхэту.

Благочиннэ Бобылев Валентин Николай и къуэр илъэс куэд хъуауэ хэтщ Уполномоченнэм деж щыIэ Эксперт советым, Жылагъуэ палатэм, Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм.

Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ ящIыгъуу ар макIуэ цIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм, абы щыIэхэм щIэгъэкъуэн яхуохъу я диным къахуигъэув къалэнхэр ягъэзащIэнымкIэ. Урысейм и ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэ псоми чыристан диным ехьэлIа Iуэхухэр щызэфIагъэкI щIыпIэхэр хэтщ.

Дызэрызэдэлажьэм и щапхъэ зыбжанэ къэсхьынщ: Уполномоченнэм диIыгъащ Кавказ Ищхъэрэм Iимам Абу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ и ислъам университетым и проект къызэрымыкIуэр - «Уи диным щыгъуазэ зыщI» республикэ щIэныгъэ зэпеуэр. А проектыр хуэунэтIащ щIалэгъуалэм диным теухуа щIэныгъэ тэмэм ягъуэтыным, абы щымыщ къыхэзылъхьэхэм я Iуэху еплъыкIэхэм пэщIэтыным.

2025 гъэм республикэм Iэтауэ игъэлъэпIащ Шэрэдж щIыналъэм и Iимам, дин лэжьакIуэ цIэрыIуэ Циканов Мухьэдин-Хьэжы и ныбжьыр илъэсищэ зэрырикъуар. А зэхуэсым кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я Iэтащхьэхэу КIуэкIуэ К.В., Темрезов Р.Б., Кавказ Ищхъэрэм ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIхэр, КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм я дин зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр, республикэм и жылагъуэм щыщхэр.

ЦIыху зыщIэз пэшышхуэм и сценэм и кум ист зи махуэр зыхагъэлъапIэр, абы и ижьырабгъумкIэ - ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэр, сэмэгурабгъумкIэ - Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI Дзасэжь Хь.У. Илъэс 40-кIэ узэIэбэкIыжмэ, хэт и гугъэнт, уеблэмэ и нэгуи къыщIигъэхьэфынт Балъкъэр Ипщэ къуажэм, жылагъуэ-политикэ Iуэхушхуэм хуэдэу, ислъам дунейм пщIэшхуэ щызиIэ нэхъыжьыфIыр илъэси 100 зэрырикъуар щагъэлъэпIэну, абы КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щытар щIыгъуну. Зэманхэм захъуэж, дэри зыдохъуэж. ИкIи КъурIэным дызыхуригъаджэращи, зэманми щытыкIэхэми задебгъэкIуу упсэун, гъащIэр егъэфIэкIуэным ухуэщхьэпэн хуейщ...

Уполномоченнэм нэхъапэм къыхуатхыу щытащ яIыгъ диным теухуа Iуэхухэм щхьэкIэ зэхэзехуэн зэрищIым теухуа тхьэусыхафэхэр, зэрызыкъыхуагъазэхэр. Иджы дэ арэзы дытехъуэу къыхыдогъэщ, апхуэдэхэр илъэситI хъуауэ къызэрытIэрымыхьэжыр.

Уполномоченнэм адэкIи и мурадщ ди лъэпкъхэм къадекIуэкI дин нэхъыщхьэхэр, цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным нэсу хуэкIуэхэр, хэIущIыIу щIыныр ядиIыгъыну.

ЕпщыкIутхуанэ Iыхьэ
Хамэ къэралхэм щыщхэм, ди хэкум и цIыхуу щымытхэмрэ IэмалыншагъэкIэ зи псэупIэр зыхъуэжын хуей хъуахэмрэ я хуитыныгъэхэр къахузэгъэпэщыныр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, рекреацэ, зыгъэпсэхупIэ центру къалъытэ щIыналъэм, 2025 гъэми мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн игъэзэщIащ, геополитикэ зэныкъуэкъухэмрэ IэпхъуэшапхъуэщытыкIэ гугъухэмрэ гузэвгъуэ хадза цIыхухэм щхьэегъэзыпIэ етынымкIэ.

Хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэза къалэнхэр зэфIэгъэкIыныр хуэунэтIауэ щытащ хамэ къэралхэм къикIахэр социальнэ шэсыпIэхэмкIэ, къэрал хабзэкIэ яхуэщIапхъэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, псапащIэ IуэхухэмкIэ защIэгъэкъуэным.

Гулъытэ хэха ягъуэтащ палестинэ-израиль зэныкъуэкъур щекIуэкI щIыпIэхэм кърашахэм. КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм къита бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, республикэм цIыхухэр пIалъэкIэ здэщыIэ и щIыпIэхэм 2025 гъэм щыпсэуащ цIыхуи 100-м щIигъу, УФ-м и цIыхухэри хамэ къэралхэм щыщхэри зэхэту. Уполномоченнэм и лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытащ ахэр хабзэ и лъэныкъуэкIи социальнэ унэтIыныгъэкIи зэхэгъэзэгъэным.

Уполномоченнэм и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къонэж КъБР-м щыIэ МВД-м Хамэ къэралхэм щыщ цIыхухэр пIалъэкIэ щаIыгъ и центрым (ЦВСИГ), 2019 гъэ лъандэрэ лажьэм, щыIэхэм я псэукIэр зыхуэдэм кIэлъыплъыныр:

- 2025 гъэм Уполномоченнэмрэ аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ мазищ къэс зэ къэпщытэныгъэ къалэнхэр яIэу кIуащ ЦВСИГ-м;

- къэрал хабзэм щыгъэгъуэзэным теухуауэ IэщIагъэлIхэр ядэIэпыкъуащ хамэ къэралхэм щыщ цIыхуи 119-м;

- абыхэм даIущIа нэужь, цIыхухэр зыщIэупщIахэм ятеухуа тхыгъэхэр дымыгъэгувэу едгъэхьащ прокуратурэм и органхэм, КъБР-м щыIэ МВД-м IэпхъуэшапхъуэIуэхухэмкIэ и управленэмрэ Суд приставхэм я къэрал къулыкъущIапIэм и управленэмрэ (УФССП).

Апхуэдэ зэдэлэжьэкIэм Iэмал къет щхьэхуимыту яIыгъхэм я Iуэхухэр щызэхагъэкIкIэ, къытралъхьа административнэ къуаншагъэр ягъэзэкIуэжыхукIэ, абыхэм ехьэлIа хабзэхэр къызэпамыудынымкIэ.

Палестинэм къикIахэм защIигъэкъуэн папщIэ Уполномоченнэм къигъэсэбэпын хуей хъуащ «къару щабэ» жыхуаIэ Iэмалхэр икIи IуэхущIапIэ куэдым я зэфIэкIхэр зэщIигъэуIуащ. ЦIыхухэм егъэзыпIэ щагъуэта щIыпIэхэм («Налшык» курортымрэ «Маяк» санаторэмрэ) щIэх-щIэхыурэ зэрыкIуам и фIыгъэкIэ гулъытэ хуащIащ къэIэпхъуа цIыху 55-м.

ЗэрадэIэпыкъуа Iуэху нэхъыщхьэхэр:

- егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ къытхэзэгъэныр: щIалэгъуалэр ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ колледжхэмрэ щIэтIысхьэным хуэунэтIауэ зэрызыхуагъэза Iуэхухэм хэплъащ. Уполномоченнэм КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм епсэлъащ къэкIуахэм квотэхэр яхухэхынымрэ зэрырагъэджэну щIыкIэмрэ ятеухуауэ;

- медицинэ и лъэныкъуэкIэ: уз гъэтIылъа зиIэхэм дэIэпыкъуныгъэ хэха ягъуэтынымкIэ зыщIагъэкъуащ;

- унагъуэхэм щыщхэр зэрыгъуэтыжынымкIэ: Урысейм и МИД, Россотрудничество къулыкъущIапIэхэм дапыщIауэ Iуэху гугъу куэдым яужь дитащ. ЦIыхухэм зыкъытхуагъэзэрт зэныкъуэкъур щекIуэкI щIыпIэхэм къина я Iыхьлыхэр ди деж къэкIуэнымкIэ тхылъхэр яхузэдгъэпэщыну;

- псэукIэм ехьэлIауэ зэпаубыдхэр зэфIэхыныр: щапхъэу къэпхь хъунущ Е. цIыхухъум зэрызыкъытхуигъэза Iуэхур зэрызэфIэдгъэкIар. Уполномоченнэм и аппаратыр яку дыхьэри, «Налшык» курортым и администрацэмрэ къэIэпхъуамрэ яку къыдэхъуа зэныкъуэкъур зэфIахащ, абы и фIыгъэкIи, зы унагъуэм щыщхэр зэрыгъуэтыжащ (Египетым къикIам и анэмрэ и къуэш нэхъыщIэмрэ) - я псэупIэхэр зы щIыпIэм щыхухахащ, унагъуэ лъапIэныгъэхэр хъумэным и хабзэхэм къызэризагъэм хуэдэу.

2025 гъэм лэжьыгъэ куэд епхауэ щытащ республикэм щыпсэухэм ящыщхэм я Iыхьлыхэр УФ-м и цIыхуу къегъэлъытэным теухуа хабзэхэр абыхэм нэхъ къахуэгъэщэбэным.

Май къалэм щыщ Х. цIыхухъум зыкъытхуигъэзащ и пхъурылъхухэр УФ-м и цIыхуу къегъэлъытэным хуэунэтIауэ зыщIэдгъэкъуэну. ЩытыкIэр нэхъ гугъу ищIырт визэхэр къыдэхыным ехьэлIа хабзэхэм тетын зэрыхуейм.

Уполномоченнэм КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIхэм и щхьэкIэ захуигъэзащ.

КъэлъэIуам дэIэпыкъуащ «икIын-къихьэн» (Тырку Республикэр къагъэсэбэпу) хабзэм теухуа тхылъхэр гъэхьэзырынымкIэ, пIалъэкIэ щыIэну хуит зыщI визэр къыдэхынымкIэ. Абы и фIыгъэкIэ сабийхэр УФ-м и цIыхуу къалъытэным теухуа Iуэхум икIэщIыпIэкIэ иужь ихьащ, ахэр къэралым ирагъэкIыжынкIэ е хабзэм ехьэлIа Iуэху зэIумыбз къыхэкIынкIэ шынагъэ Iуэхум къыхэмыхьэу.

Хамэ къэралхэм щыщ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэн къалэныр гъэзэщIэным IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къыхэтшэн хуей хъуащ икIи Уполномоченнэр абы и лъэныкъуэкIэ япыщIауэ щытащ:

- Урысейм и МИД-м и къулыкъущIапIэу Минеральные Воды къалэм щыIэм;

- КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм;

- МВД-м и УВМ-м и щIыналъэ къудамэхэм.

ЩытыкIэр зэрызэпIэзэрытым щхьэкIи къэмынэу, Уполномоченнэм мыбыхэм гу лъытэн хуейуэ къегъэув:

- цIыхур щIыпIэм щыIэ псэукIэм хэзэгъэн папщIэ къызэгъэпэщыпхъэр: къагъэIэпхъуа цIыхухэм урысыбзэр нэхъ псынщIэу щрагъэщIэн папщIэ ПВР-р и лъабжьэу курсхэр къызэIухыныр, ар иужькIэ сэбэп къахуэхъужынущ лэжьыгъэ IэнатIэ яIэнымкIи;

- хьэрыпыбзэрэ инджылызыбзэкIэ тхылъ цIыкIухэр къыдэгъэкIын, хамэ къэралхэм къикIауэ КъБР-м и щIыналъэм щыIэхэм я къалэнхэр къыщыгъэлъэгъуауэ;

- муниципальнэ органхэм чэнджэщ етын къагъэIэпхъуахэр ди псэукIэм къыхэгъэзэгъэным хуэунэтIа Iуэхухэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр нэхъ жыджэру къыхашэну, къэкIуахэр хамэгу-хамащхьэу щымытын хуэдэу.

Хамэ къэралхэм щыщхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр 2025 гъэм къызэрыгуэкI кIэлъыплъыныгъэ мардэм изагъэ къудейуэ щытакъым, атIэ псапащIэ Iуэхухэр и лъабжьэу ди нэIэ ятедгъэтащ. Зауэ зэпэщIэтыныгъэхэм я зэран зэкIахэу ди деж къэкIуахэр хъарзынэу къызэрытхэзэгъам къегъэлъагъуэ республикэм и къэрал властым и органхэмрэ цIыхум и хуитыныгъэхэм къащхьэщыж IуэхущIапIэхэмрэ щытыкIэ гугъум щитым дежи дунейпсо, къэрал хабзэхэм тету лэжьэным зэрыхуэхьэзырыр.

ЕпщыкIуханэ Iыхьэ
КъБР-м цIыхум и хуитыныгъэхэр хъума щыхъунымкIэ и IэнатIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза жэрдэмхэмрэ чэнджэщхэмрэ

Къэрал властым и институтхэмрэ граждан жылагъуэмрэ зэрызэдэлажьэм сэбэпынагъыу къихьым хэгъэхъуэн, цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныр къызэгъэпэща хъун мурадкIэ, Уполномоченнэм мы къыкIэлъыкIуэ жэрдэмхэр къыхелъхьэ:

1. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ къэрал къулыкъущIапIэхэм ядэлэжьэным ехьэлIауэ:

- УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Ю.Я. цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным теухуа Iуэхухэм и нэIэ зэратригъэтым пщIэшхуэ хуищIу, Уполномоченнэм деIыгъ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэр щIыналъэхэм я уполномоченнэхэм пIалъэ пыухыкIахэм тету зэраIущIэр, а унэтIыныгъэм и Iуэху зытетхэм, зыIууэ лъэпощхьэпохэм щытепсэлъыхьын папщIэ;

- Полномочнэ лIыкIуэм и нэIэм щIэту ирагъэкIуэкI щIыналъэ Iуэхухэм, зэIущIэхэм уполномоченнэхэри хэтыныр фIэтэмэмщ;

- къэрал къулыкъущIапIэхэм я щIыналъэ къудамэхэм (МВД-м, СК-м, прокуратурэм) я унафэщIхэм чэнджэщ етын я лэжьыгъэм къэрикIуахэр щызэхалъхьэж коллегиехэм я зэIущIэхэм Уполномоченнэр ирагъэблэгъэну. Нэхъ пасэу зэращIылIа лъэныкъуитI зэгурыIуэныгъэхэм я мыхьэнэм нэхъри хигъэхъуэнущ абы, къэрал кIэлъыплъыныгъэм зэрыщIэтыр къигъэлъэгъуэнущ.

2. КъБР-м и Правительствэмрэ гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ:

- СВО-м хэтахэм щIэин мылъкум, ахъшэ хуагъэувахэр кърагъэбжыжыным е щIы Iыхьэ хухахахэр тхыным теухуа дэIэпыкъуныгъэхэр псынщIэу хуащIэн хуэдэу, МФЦ-м е «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм «зы щхьэгъубжэ» мардэм тет IухьэпIэхэр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ щыIэ Iэмалым хэплъэн;

- зи узыншагъэр зэфIэзыгъэувэжхэм ехьэлIа щIыналъэ сертификат къэщтэныр, зауэ Iуэхухэм я ветеранхэм къэралым и санаторэ-курорт IуэхущIапIэхэм я мызакъуэу, республикэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и унеи зэгъэIэзапIэхэми республикэм и бюджетым и хьэкъкIэ зыщагъэхъужыну Iэмал ягъуэтын папщIэ;

- КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм щIигъэткIиен хуейщ СВО-м къикIыжахэм я квотэхэмрэ я лэжьапIэ IэнатIэхэр яхуэхъумэнымкIэ яIэ шэсыпIэхэмрэ якIэлъыплъыныр.

2025 гъэм наIуэ къэхъуа ныкъуэсаныгъэхэр гъэзэкIуэжа хъун папщIэ КъБР-м и Правительствэм худогъэлъагъуэ:

- УФ-м и уполномоченнэхэм я Зэзыгъэуlу советым цIыхухэм правовой дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтыным хуэгъэзауэ къыхилъхьа чэнджэщхэр гъэзэщIа хъун папщIэ, «Уэчылхэм я лэжьыгъэм теухуауэ» Къэрал хабзэм щыгъэува уэчыл бжыгъэм нэхърэ нэхъ мащIэ фIэкIа зимыIэ суд районхэм юридическэ чэнджэщапIэхэр къыщызэIухыным хуэгъэза Iуэхухэм хэплъэн;

- къуажэ пхыдзахэм щыпсэухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтын, диспансеризацэ ирагъэкIуэкIыну Iэмал яIэн папщIэ программэхэр зэхэлъхьэн;

- къуажэхэм егъэджакIуэхэр зэрахуримыкъум пыщIа гугъуехьхэр къызэранэкIын папщIэ, а щIыпIэхэм щылажьэ егъэджакIуэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа щIыналъэ программэ къэщтэн;

- Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм и къалэнхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр къэлъытауэ, абы щыщхэр Налшык къалэм пэжыжьэ тутнакъэщхэм къэпщытэныгъэ IуэхукIэ кIуэфын папщIэ автотранспорт щхьэхуэ яIэным (е я къулыкъукIэ къагъэсэбэпыну автотранспорт кърадджэ хъууэ щытыным) и Iуэхум хэплъэн;

- ОНК-м хэтхэу езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ а лэжьыгъэм къыхыхьэхэр зэрыбгъэпажэ хъуну щIыкIэхэр зэхэлъхьэн;

- зи ныбжь хэкIуэтахэр, пенсионерхэр телефонкIэ, интернеткIэ къыщагъапцIэ къызэрыхъур къэлъытауэ, ахэр апхуэдэ Iуэхухэм щыхъумэным хуэгъэзауэ, КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэр щIыгъуу, а гупым хыхьэхэм папщIэ зэрырагъаджэ семинархэр къызэгъэпэщын.

ЩIалэгъуалэм къэрал хабзэхэр уэим зыщIхэр къаэзэрыхэкIыр гъэмэщIэн мурадкIэ, къыхыдолъхьэ:

- Уполномоченнэм деж ЩIалэгъуалэ жылагъуэ совет къыщызэгъэпэщыным теухуа жэрдэмым арэзы техъуэн. Ар увынущ къэрал хабзэмрэ медиацэмкIэ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр щIыпIэ;

- КъБР-м и Iэтащхьэм зыхуэгъэзэн зи лэжьыгъэр фейдэ къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIэхэм (НКО), къуажэ школхэмрэ IэщIагъэ щрагъэгъуэт лицейхэмрэ щIэсхэр къэрал хабзэхэм хуегъэджэным пыщIа проектхэр зыгъэзащIэхэм, папщIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и грантхэр игъэувыну;

- КъБР-м щыIэ МВД-м, КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм чэнджэщ етын ухуэныгъэм къыщагъэсэбэпа кIэрыхубжьэрыхухэр хуит щамыщI щIыпIэхэу псы Iуфэхэмрэ мэз лъапэхэмрэ, псом хуэмыдэу Налшык къалэм и зыгъэпсэхупIэхэм деж, щизыкIутхэм япэщIэтын гуп хэхахэр къызэрагъэпэщыну;

- худэчыхыныгъэхэр зиIэхэм (бын куэд щапI унагъуэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм) щIы Iыхьэхэр щыхухахкIэ, Iуэхум кIэлъэфыгъэ къыхагъэкIыу къыхуагъэув лъэпощхьэпохэр лъэныкъуэ егъэза хъун папщIэ, муниципальнэ мардэ актхэр щIэпщытыкIыжын;

- Уполномоченнэмрэ къэралым цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ адрей и IуэхущIапIэхэмрэ зэхуагъэхь хъыбархэмкIэ нэхъ псынщIэу зэлъэIэс хъун, тыншу зызэпащIэн папщIэ, дэфтэрхэр автоматизацэ мардэм хуэгъэкIуэным мылъку хухэхын, хъыбарегъащIэ Iэмал хэхахэр хапщэн, зэтраухуэн папщIэ.

КIэухыр

Уполномоченнэм и институтым 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр къыщызэщIэткъуэжкIэ, къыхэгъэщын хуейщ цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэза IэнатIэр зэманым къигъэув къалэнхэм зэрапэлъэщар. Къэралым и сэбэп зыхэлъхэмрэ цIыхум КонституцэкIэ иIэ хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ я лъэныкъуэкIэ республикэм щытыкIэр щызэпIэзэрытщ. ЦIыхухэм дзыхь хуащI я хуитыныгъэхэр хъумэным пыщIахэм, абыхэм, нэхъапэхэми хуэдэу, я фIэщ мэхъу я хуитыныгъэхэр хъума зэрыхъунур. Апхуэдэ мурадкIэ дэ быдэу дапыщIауэ дадолажьэ властым и къэрал, муниципальнэ органхэм, жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм, Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм.

2026 гъэм муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм дазэрыдэлажьэм сэбэпынагъыу къихьым хэдгъэхъуэну ди мурадщ, граждан жылагъуэм и лIыкIуэхэми пыщIэныгъэу яхудиIэхэр дгъэбыдэн папщIэ бжыгъэр зи лъабжьэ платформэхэр къэдгъэсэбэпынущ. Абы Iэмал къитынущ къэралым цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ зэрызыкъытщIигъакъуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дэтхэнэ цIыхуми нэхъ ялъэIэс хъунымкIэ.

Дызэрыщыгъуазэщи, 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я илъэсу ягъэуващ. УФ-м и Президент Путин В.В. къыхигъэщащ Урысейр къэрал лъэщу зэрыщытыр иджыри зэ наIуэ къэтщIын зэрыхуейр икIи абы сыт щыгъуи къигъэлъэгъуащ «...щэнхабзэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм къадекIуэкI хабзэхэмрэ псэкупсэ лъапIэныгъэхэмрэ пщIэ зэрахуэтщIыр». Республикэм цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм сыт и лъэныкъуэкIи деIыгъ къэралым и унафэщIым дыкъызыхуриджахэр икIи жыджэру яужь ихьащ Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр егъэкIуэкIыным хуэгъэзауэ яубзыхуахэр гъэзэщIэным.

2026 гъэм Къэрал Думэм, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм я депутатхэр хэтхынущ.

Ахэр мыхьэнэшхуэ зиIэ жылагъуэ-политикэ Iуэхухэщ. Абы, сыт щыгъуи хуэдэу, хэтынущ Уполномоченнэр, аппаратым и лэжьакIуэхэр, къалэ округхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ щыдиIэ жылагъуэ дэIэпыкъуэгъухэр. Дэ цIыхухэм Iэ яIэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къахузэгъэпэщынымкIэ щIыналъэ, участковэ хэхакIуэ комиссэхэм сыткIи щIэгъэкъуэн дахуэхъунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и унафэм ипкъ иткIэ, республикэм щрагъэкIуэкI Балъкъэр щIыналъэр Урысей къэралыгъуэм зэрыхыхьэрэ илъэс 200 зэрырикъур 2027 гъэм щIышылэм зэрагъэлъэпIэнум теухуа Iуэхухэр.

Уполномоченнэм и институту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр къыпхугуэмыхыну пыщIащ цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ урысейпсо IэнатIэм. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр егъэкIуэкIынымрэ Къэрал Думэр хэхыным теухуа IэIэтымрэ дахуэщхьэпэнырщ, цIыхухэм яку дэлъ мамыр зэхущытыкIэр, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр дгъэбыдэнырщ, апхуэдэуи республикэм исхэм я социально-экономикэ зэIузэпэщыгъэр егъэфIэкIуэнырщ.

ЗУМАКУЛОВ Борис,
ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ.

«ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и 25-нэ статьям и 3-нэ пунктым ипкъ иткIэ тыдодзэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.250
Заказыр №623
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.